qurayning shirasidan yaxshi qilning tagidan ko‘tarib turuvchi eski qovoqdan yo‘nib tiyek solsa, juda ham soz chiqqish asbob bo‘lar edi”, - debdi. Qo‘rqit ota huddi shaytonlarning aytganidek qilib qo‘biz yasagan ekan, turli noma chertiladigan ajoyib soz asbobi bo‘libdi. Shundan keyin Qo‘rqit ota qo‘bizni har xil nomaga solib chertib yuraberibdi. Mana ushandan buyon Qo‘rqit ota qo‘bizning piyri bo‘libdi...”.

Qo‘biz soz asbobining yasalishi haqidagi rivoyat spektaklda ham o‘z aksini topgan. Yana shunday tomoshabinlar e’tiborini tortgan ko‘pgina jihatlardan qarg‘alar, qabr motivi, tuyaning so‘yilishi, onasining tirilib qaytib kelishi kabi voqealar rivojida muhim rol o‘ynaydi hamda tomoshabinga kuchli ta’sir qiladi. Sahna asariga mos tanlangan qo‘shiqlar, asar saviyasini yana bir karra oshiradi. Xoh asosiy qahramonlar bo‘ladimi yo personajlarmi, har biri o‘ziga yuklatilgan rolni ichki tug‘yon va tuyg‘ular qurshovida mahorat bilan ijro eta olgan.

Qo‘rqitning ajalni yengishi, qo‘biz vositasida umrboqiylik kasb etishida ramziy ma’no ham bor. Inson umri davomida qilgan ezgu ishlari, ezgu amallari albatta keyingi avlodlarga yetib borishi, ular avlodlarda davom etishi yorqin chizgilarda aks etgan. Turkiy xalqlar ta’biri bilan aytganda, Qo‘rqit Ota aslo o‘lmaydi. U turkiylar qalbida umrbod yashayveradi.

Qoraqaplog‘iston davlat yosh tomoshabinlar teatri jamosi mehnat mahsuli bo‘lgan “Qo‘rqit ota” spektakli rejissyori Sultonbek Qallibekovdir. Hali yosh bo‘lishiga qaramay, turkiylar, xususan, Qo‘rqit Ota afsonasiga xos muhit yarata olgani tahsinga sazovor. 2022 yil 26-30 sentabr kunlari Toshkentda bo‘lib o‘tgan yosh rejissyorlarning “Debyut-2022” ko‘rik-festivalida yosh rejissyor Sulton Qallibekov “Qo‘rqut ota” spektakli bilan munosib qatnashab, ilk debyut spektakli bilan 2-o‘rinni egalladi. Oradan ko‘p vaqt o‘tmadi yangi jamoaning yangi rahbarlari fidoyligi tufayli 2022 yil dekabr oyida Qoraqalpoq va Qirg‘iziston teatrlari hamkorligi yo‘lga qo‘yildi. Qoraqalpog‘iston Respublikasi Qoraqalpoq davlat yosh tomoshabinlar teatri jamoasi “Qo‘rqit ota” spektakli bilan Qirg‘iziston Respublikasida xizmat safarida bo‘ldi. Ikki kun davom etgan tashrif davomida teatr jamoasi tomonidan Qirg‘iz davlat akademik drama teatrida namoyish etilgan mazkur spektakl tomoshabinlarda iliq taassurot qoldirdi. Spektakl ijodkorlari Qirg‘iz respublikasi Madaniyat, sport, turizm, axborot va yoshlar siyosati vazirligi faxriy yorlig‘i, shuningdek, “Uranim Manas” ko‘krak nishoni bilan taqdirlandi. Teatr jamoasi mazkur spektakl bilan 2023 yili Toshkentda o‘tkazilgan “Evroosiyo” xalqaro teatr san’ati festivalida ishtirok etib, festival hakamlari va boshqa teatrshunoslar tomonidan spektakl yo‘qori baholandi.

Teatr san’ati ma’naviyatning eng yorqin, ta’sirchan ko‘rinishlaridan biridir. Zero, u tomoshabinlarga bevosita ta’sir ko‘rsatadi. Sahna bilan tomoshabinlar o‘rtasida samimiy bog‘lanish, muloqot hosil bo‘lib ham sahna ijodkorlarini ham tomoshabinlarni ma’nan boyitadi, ruhini sozlaydi, ko‘nglini ko‘taradi. Darhaqiqat, teatr ma’lum millatning o‘zligini, orzu-intilishlarini, tarixini, kelajagini, urf-odatlarini, qadriyatlarini badiiy obrazlar orqali ifoda etuvchi beqiyos san’atdir. Bu esa mustahkam dramaturgiyaning milliylik xususiyatlari bilan belgilanadi.

Adabiyotlar

1. Qodirov M.X. muharrirligi ostida. “Istiqlol va milliy teatr”, T.: “Yangi asr avlodi”. 2002. 22-bet.
2. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1988

REZYUME. Maqola Qoraqalpoq davlat yosh tomoshabinlar teatrida sahnalashtirilgan “Qo‘rqit ota” spektaklining yangi talqini, spektaklning yutuq va kamchiliklari haqida.

РЕЗЮМЕ. В статье речь идет о новой интерпретации спектакля «Коркыт ота», поставленной в Каракалпакском государственном театре юного зрителя, достижениях и недостатках спектакля.

SUMMARY. The article is about the new interpretation of the play "Korkit Ota" staged at the Karakalpak State Theater of Young Audiences, the achievements and shortcomings of the play.

ҚАРАҚАЛПАҚ БАҚСЫШЫЛЫҚ ӨНЕРИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Анар Жақсымуратова - *магистр*
Илимий басшы: доцент **Караматдин Заретдинов**

Калит сўзлар: бахши, дутор, мусиқа, сахна, жанр, терма, фольклор, композитор.
Ключевые слово: бахши, дутар, музыка, сцена, жанр, терма, фольклор, композитор
Key words: bahshi, dutar, music, scene, genre, terma, folklore, composer.

Халқымыздың миллий өзлигин, әййемги тарийхын ҳәм тилин, оның турмыс тәрзин, дәстүр ҳәм үрп-әдетлерин өзинде жәмлеген, улыўмаинсаныйлық мәденияттың ажыралмас бөлеги сыпатында тән алынған бақсышылық өнери белгили бақсы-жыраўларымыз, фольклортаныўшы алымларымыздың пидайы мийнети, дөретиўшилик санасы менен әсирлерден әсирлерге өтип келмекте. [1.]

Елимиздиң руўхый дүньясының биреўи бул – фольклор. Ол халықтың көп жанрлы аўызеки поэтикалық дөретиўшилиги болып саналады. Аўыздан аўызға өтип киятырған даналық нақыл-мақалларында, сулыў қосықларында, шебер айтыс пенен жумбақларында, ҳайран қаларлық ертеклеринде, қулкили анекдотларында, тарийх жүзин жасырған, усталық пенен курылған, бай аңыз-әңгимелери, толғаўлары дәстанларында өткен өмирдиң өз алдына бир көркем сәўлеси бар. Бунда халықтың жаны өз алдына дүнья таныў көзкарасы, өткен өмирге баҳасы бар. [2.]

Ата-бабаларымыз бизге мийрас етип қалдырған бир неше аўызеки фольклорлық дөретпелер ҳәм аўыздан аўызға өтип киятырған миллий ырғаққа бай қосық сазларымыз ҳәм дәстанлардағы қосықларымыз, бақсыларымыз тәрепинен атқарылып, бизге шекем жетип келген уллы руўхый байлығымыз болып есапланады. Бақсышылық өнериниң раўажланыўына нәзер салатуғын болсақ, бул жол Ақымбет бақсы мектебинен басланады. Оннан бурын да бақсылар болған, бирақ өкинишке бола олар ҳаққындағы мағлыўматлар бизге шекем жетип келмеген.

Хорезм жеринде «Шағатайлы» аты қосық болып тиллерде дәстан болған әпсанаўий бақсы Ешбай өткен. Оны пүткил Хорезм ойпатында жасаўшы өзбек, қарақалпақ, түркменлер өзимиздиң бақсымыз деседи, – деп жазған еди белгили илимпаз Т.Адамбаева. [3.]

Усындай халқына қәдирли, қарақалпақ бақсышылығы ҳәм миллий музыка өнерине салмақлы үлес қосқан мелодист композитор Жапақ Шамуратов есапланады.

Жапақ Шамуратов – Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти, Бердақ атындағы Мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, атақлы бақсы, сазенде, композитор. Ол ҳәзирги заман қарақалпақ музыка мәдениятының тийкарын салыўшылардың бири. Әмиўдәрья районының Назархан аўылында 1893-жылы дийқан хожалығында дүньяға келген Ж.Шамуратов 8-9-классларынан баслап-ақ өзиниң бойында көркемшиликке деген талпыныў сезимлериниң ерте оянғанын, қулағында сазлардың гүўлеген сеслерин аңлай баслайды. Дуўтар шертиўге қумарланып оған болған ықласы күн күннен арта баслайды. Аўылға бақсы-жыраў келсе, олардың атқарған қосықларын, шерткенде сазларын зор ықлас пенен тыңлап, оны ядқа келтирип соң шертип үйренип жүрди. Аўылласы, белгили Шерназар бақсының досты сазенде Ешимбет деген ғарры Жапақтың бул ықласына кеўли питип, өзиниң кишкене дуўтарын сыйлық етеди. Жапақ бул дуўтарды жатса да, турса да қолынан түсирмей қәлеген жеринде шертип, еситкен намаларын сазға түсириўге талпынады.

1923-жылы Төрткүлде «Таң нуры» труппасы, 1932-жылы радио еситтириў комитети, 1936-жылы Жас тамашагөйлер театры, 1937-жылы музыка мектепларининиң ашылыўы Республикамыздың руўхый мәдениятының гүркиреп раўажланыўына айрықша тәсирин тийгизди.

Усы жыллары ҳүкиметимиз халық арасында руўхый азық тарататуғын бақсы-жыраўларды бир орайға жыйнап, бақсы-жыраў, қыссахан-қосықшылар ҳәм халық шайырларының алдында ҳақыйқатлықты сөз бенен, қосық арқалы жеткерип барыўды ўазыйпа етип қойды. 1933-жылы Жапақ Шамуратов усы мақсет пенен Төрткүлдеги радио еситтириў комитетине, музыкант-қосықшы болып жумысқа алынды. Оның хошҳаўазы менен атқарған «Ешбай», «Қошадес», «Еллерим барды», «Хожа бала», «Гөркыз» тағы басқа қосықларын радио тыңлаўшылар үлкен ҳүрмет пенен қарсы алды. 1935-жылдан баслап Өзбекстанлы композиторлар И.Штейнберг, Д.Туманьян,

А.Брайловский, Қазақстанлы А.Затаевич, Киев консерваториясының профессоры И.Г.Компанеец, Москвалы педагог-скрипкашы Плаксин, композиторлардан В.Шафранников, А.Кондорштилов, педагоглар Заржевская, Н.Ягодинлер жергиликли музыка кадрларын таярлаўға хызмет етти. Жапақ бақсы 1936-жылда Қарақалпақ мәмлекетлик театрына музыкант ҳәм қосықшы болып жумысқа алынады. Оның шерткен намаларын Туманьян пианниноға салып, ноталастырады. Жапақ бақсы 1938-1939-жыллары театр қапталынан шөлкемлестирилген концерт бригадасына басшылық етип, пүткил республика бойлап гастролға шығады. Ол өзиниң сүйкимли даўысы, репертуарының көп түрлилиги, атқарыўшылық усылының өзгешелиги менен тыңлаўшылардың бар ықласын өзине бәнт етип алады. [4.]

1939-жылы Москваға барып, көзге көринген көркем өнер шеберлери менен ушырасады. Соның менен бирге, «Ўатан», «Алақайыс», «Ешбай», «Қошадес», «Салтық», «Еллерим барды» намаларын айтып, грампластинкаға түсиреди. Жапақ бақсы белгили рус педагогларының «Биз жеңемиз», «Фашизмге өлим», «Жаўды жексен етемиз» ҳәм тағы басқа қосықларды жыйнап «Ўатандарлық қосықлар» деген ат пенен 1941-жылы Төртқүлде топлам етип баспадан шығарды. Ж.Шамуратов Б.Туманьян, Г.Компанеец, В.Шафранников, А.Халимов ҳ.т.б. менен бирге көп жыл даўамында 20 дан аслам музыкалы драма ҳәм комедияларға музыка жазды. Булардың қатарына, «Бағдагул», «Көклен батыр», «Хорлықтан азат», «Айгул-Абат», «Арал қызы», «Бердақ», «Лейтенант Елмуратов», «Әмиў бойында», «Сүймегенге сүйкенбе» басқа да музыкалы драмаларға намалар жазды. Оның дөретиўшилик жолында қосық, хор ҳәм ойынлар саз музыкалары тийкарғы орынға ийе. Бул тараўда ол 200 ден зыят шығармалар жазды. Олардан «Қарақалпақстан» «Әмиўдәрья», «Мийнет бахыт», «Сондай күлдим», «Малика жан, Мәккежан», «Естелик еттим орамал», «Наўқан тутқан қыз», «Бәҳәр сүйген яр», «Пахта», «Нәмарт жигит неге дәркар», «Унивесалшы достыма», «О, Мари, Мария», «Шопанлар», «Еки ана», «Биз бахытлы жаслар», «Толқын», «Әмиўдәрья» басқа да мектеп оқыўшылары ушын жазған намаларын халқымыз сүйип тыңлап киятыр.

Ж.Шамуратов «Мийнет қызыл байрағы», еки рет «Ҳүрмет белгиси» орденлери менен ҳәм де бир неше медаллар менен сыйлықланған. Ж.Шамуратов 1938-жылдан баслап бес мәртебе Республика Жоқарғы Кеңесиниң депутатлығына сайланған. Ол Өзбекстан композиторлары аўқамының ағзасы. 1974-жылы Нөкис мәмлекетлик көркем өнер билим журтына оның аты қойылды.

Ж.Шамуратовтың аткарыўшылық ҳәм дөретиўшилик музыкалық мийрасларын «Жүрек тарлары», «Жапақ бақсы Шамуратов» тарийх, әдебият ҳәм энциклопедия топламларында баспадан шығарған. Ардақлы устаз Ж.Шамуратов белгили композиторлардан А.Қайратдинов, А.Султанов, Ғ.Аманиязов, Х.Турдықулов ҳ.т.басқаларға устазлық еткен. Композитордың ерискен үлкен табысы 1950 жыллары дөретилген «Қарақалпақстан» атлы хор болды. Бул шығарма 1957-жылды Ташкентте өткерилген қарақалпақ мәденияты ҳәм әдебияты декадасында атқарылады.

Оның дөреткен бай бийбаҳа музыка мийраслары телерадиокомитет архивинде грампластинкаларда жазып қалдырылған. Ж.Шамуратов 1973-жылы қайтыс болады. [5.] Республикамыздың бай мәдений мийрасынан саға алған бүгинги күндеги қарақалпақ музыка мәденияты жоқары шоққыларға көтерилди. Бул шоққыға көтерилиўде профессиональ музыка қәнигелериниң үлеси айрықша. Себеби, саз өнери жүдә күшли раўажланған, жәҳән халықлары өз көркем өнери менен жарысқа түсип атырған биз жасап атырған әсирлерде (XX-XXI), үлкен дүньялық сахнада қарақалпақ халқының өзине тән ҳаўазын, өнерин, өзлигин танытыў аңсат ис емес. Бул ўазыйпаны өз дәўиринде айрықша шығармалар дөретип халық байлығына айландырыўы менен табыслы атқарған композиторларымыз көп. Айырымлары ҳәзирги күнимизде де табыслы мийнет етип атыр. Биз бундай профессиональ музыка қәнигелерин ҳүрмет пенен тилге аламыз. Олардан атап өтетуғын болсақ, өткен әсирдиң 60-жылларынан баслап музыка тараўын раўажландырыўға өз үлеслерин қосқан ҳәм қосып атырған Жапақ ата Шамуратов, Әлимжан Ҳалимов, Нажимаддин Мухаммеддинов, Худайберген Турдықулов, Әбдирейим Султанов, Кеңесбай Абдуллаев, Қайып Демесинов, Марқабай Жийемуратов, Роман Султанов, Қурбанбай Заретдинов, Шарапатдин Пахратдинов, Зийўатдин Лепесов, Нурназар Қәллибеков, Қәдир Ҳилалов ҳ.т. басқалар биз жасап атырған дәўирдиң музыка мәдениятын жүдә рәңбәрең дәрежеде тасқынлатып раўажландырды. Жәҳән музыкасы сахнасынан өзлерин көрсете алды, жарысларда қарақалпақ халқының ылайықлы орынын алып берди. Бири биринен ағла,

әжайып шығармалар жүзеге келип халқымыздың руўхый дүньясын байытыўда, кеўил гәўҳарының нурын өткирлестириўде айрықша хызмет етти. Олардың мийнетлерин халқымыз бәрҳа қәдирлеп келди ҳәм буннан былай да қәдирлей береди.

Әдебиятлар

1. Ш.М.Мирзиёев «Бақсышылық өнерин және де раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-4320-санлы Қарары, 14.05.2019 ж.
2. Қ.Мақсетов «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар», «Қарақалпақстан»-1990 ж, 8-9 бб.
3. М.Нызанов «Қарақалпақлар», «Билим» баспасы, 2020 ж.
4. Ж.Шамуратов «Қосықлар ҳәм намалар», Нөкис-1995.
5. М.Нызанов, 402-404 бб.

РЕЗЮМЕ. Бул мақалада қарақалпақ халқының әзелден киятырған миллий музыка көркем өнериниң басламасы саналған бақсышылық өнери, ҳәм оны раўажландырыўға үлес қосқан бақсылар ҳаққында баян етиледи. Сондай-ақ, бақсышылық өнериниң әўладтан-әўладқа жетип келиўи, оның бийбаҳа өнер дөретпеси екенлиги ашып берилген. Халық аўызеки дөретпелери ҳаққында да пикирлер келтирилген.

РЕЗЮМЕ. В данной статье описывается искусство бакши, считающееся национальным музыкальным наследием каракалпакского народа, и бакши, внесшие большой вклад в его развитие. Также выясняется, что искусство дарения подарков передается из поколения в поколение и является бесценным шедевром искусства. Также высказываются мнения о фольклоре.

SUMMARY. This article describes the art of bakshi, which is considered the national musical heritage of the Karakalpak people, and the bakshi who made a great contribution to its development. Also, it is revealed that the art of gift giving is passed down from generation to generation, and that it is a priceless masterpiece of art. Opinions are also given about folklore.

DAWÍS APPARATÍN RAWAJLANDÍRÍW PRINCIPLERI HÁM REZONATORLAR - DAWÍSTÍ KÚSHEYTTIRIWSHI ORGANLAR HAQQÍNDA

Kulambetova Jańıl – *oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanch so‘zlar: xonanda, ovoz apparati, vokal, tovush, ovoz mashqlari, badiiy asar.
Ключевые слова: певец, звуковой аппарат, вокал, звук, голосовые упражнения, художественная работа.
Key words: singer, sound apparatus, vocals, sound, voice exercises, artistic work.

Xalıq óziniń basınan ótkergen hár qıylı tariyxıy waqıyalarǵa bay turmısın, ruwxıy kewil keshirmelerin hám psixologiyasın qosıqlar arqalı sáwlelendirgen. Adamlardıń hár tárepleme estetikalıq zawıqqa bólenıwıne qosıqtıń tásiri oǵada kúshli bolǵan. Ápiwayı hám jaydarı sózlerden quralǵan qosıqlar barlıq waqıtta adamnıń ómirge, gózzallıqqa degen muhabbatın arttırıp, óziniń eń jaqsı ideyaları menen xalıqqa tárbiyalap keledi. Bunday qosıqlar Watandı qádirlewge shaqıradı, miynetke degen súyispenshilikti arttıradı hám júreklerde muhabbat sezimlerin oyatadı. Sebebi qosıq hám saz arqalı insan quwanıshın, shadlıǵın, qayǵısın, arzıw-ármanların, ishki sezimlerin, debdiwlerin shıǵara alǵan. Qosıq adamdı sıyqırlap alatuǵın kúshke iye ekenligi hámmege belgili. Sonlıqtan da sóz benen jetkere almaǵan názik oyların saz arqalı jetkergen.

Qosıq – (latınsha cantus, cantio, italyansha canzona, francuzsha chanson, inglisshe song, nemecshe lied) – vokal muzıkasında keńnen rawajlanǵan janr, sonday-aq, qosıq yamasa rechitativ shınıǵıwǵa arnalǵan poetikalıq shıǵarmanıń belgileniwi. Qosıq sóz hám muzıkalıq mazmunına (patriotlıq, lirikalıq, satiralıq, marsh, ayaq-oyın sıyaqlı taǵı basqa túrlerinde), faktura hám atqarıwshılar quramına (bir hám kóp dawıslı, jeke hám xor, saz ásbap járdeminde hám saz ásbapsız – qalalıq, kúndelikli, áskeriy h.t.b.) qaray dóretiledi. Qosıqtıń muzıkalı forması poetikalıq teksttiń mazmunı hám dúzilisi menen baylanıslı. Onıń keń tarqalǵan túri – kupletli forma. Qosıqlar jeke avtorlı hám avtorsız (umıtılıp ketken) bolıp ajıraladı. Mısalı, xalıq qosıǵı – awızeki sóz folklorınıń túri bolıp esaplanadı.[1,98]

Xalqımızdıń kóp jıllardan berli turmıs keshirmeleri menen sıbaylas bolıp kiyatırǵan, ruwxıy mádeniyatımızdıń altın miyraslarımızdıń biri – bul qosıq atqarıwshılıq bolıp esaplanadı. Xalqımızdıń bay ǵáziynesi bolǵan qosıqlar, elimiz arasında keń en jayıwı, sonday-aq, bizge shekem miyras bolıp saqlanıp keliw tariyxı hám olardıń búgingi kúnimizge shekem jetip keliwinde atqarıwshılardıń ornı girewli. Xalıq qosıǵı bul – úzliksiz jańalanıp baratuǵın háreketsheń material. Ruwxıy mádeniyatımızdıń ǵáziynesi sanalǵan bul qosıqlar, keleshek áwladqa jańasha oy-pikirler júritiw ushın túrtki boladı. Bul xalıq qosıqlarımızdıń bizge shekem jetip keliwinde, xalqımızdıń sheber atqarıwshılarınıń ornı girewli bolıp tabıladı.

XV-XVI ásirlerde kompozitorlar kóp dawıslı qosıqlardı túrli milliy variantlarda dóretken. XVII-XVIII ásirler aralıǵında bir dawıslı qosıqlar general-bas járdeminde atqarılıwı rawajlanǵan, al XVIII ásirdiń II yarımında fortepiano ásbabı, geypara waqıtları saz ásbap ansamblleri hám orkestr járdeminde atqarılatuǵın qosıqlar payda boladı. XIX ásirde kompozitorlardıń qosıǵı (romans) rawajlanǵan janrlardıń biri bolıp tanıladı. Olardan F.Shubert, S.V.Raxmaninov, R.Shuman, I.Brams, M.I.Glinka, A.S.Dargomıjskiy, A.P.Borodin, M.P.Musogskiy, P.I.Chaykovskiy. Qaraqalpaq muzıka kórkem ónerinde qosıq janrı úlken orındı iyeleydi. Xalıq qosıqlarınıń tiykarı uzaq ótmishke barıp taqaladı. Sebebi qosıqlardıń payda bolıwı hám janǵa jaǵımlı nama ırǵaqlarınıń estetikalıq bay mazmunǵa iye bolıwı bul óz-ózinen payda bolmaǵan. Vokal shıǵarmaları xalıqtıń turmıs tirishiligi menen birgelikte tıǵız baylanısıp rawajlanıp kelgen. Olar hár qıylı toy-tamashalarda, geshteklerde atqarılǵan. Bir awılǵa jıraw, baqsı, qıssaxanlar kelse alıs-jaqın awıllardan adam qalmay qurǵa jıynalǵan. Jıynalǵan jámáát milliy dóretpelerimiz bolǵan dástanlarımızdı, xalıq qosıqları menen namalarımızdı uyıp otırıp tıńlaytuǵın bolǵan. Mine usınday mádeniy demalıslar sol waqıttaǵı xalıq turmısında úlken tárbiya mektebi bolıw menen birge, olarǵa ruwxıy baylıq inám etken. Xalıq dóretpeleriniń hámmesi awızeki túrde áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa, alıs-alıs awıllardan izlep kelip ustaz-shákirt túsiw jolı menen biziń zamanımızǵa shekem jetip kelgen. [2,47-49]

Muzıka miyrasınıń dóretiwshileri, saqlawshıları, qosıqshılar, sazendeler hám de basqada xalıq dóretiwshileriniń wákilleri ásirler boyı xalıqtıń kórkem óner miyrasın esinde saqlap kelgen. Xalıq arasında muzıka ónerine degen qızıǵıwshılıq júdá kúshli bolǵanlıǵı sebepli, muzıka mádeniyatı jaqsı rawajlanıp kelgen. Xalıqta hár qıylı dárejedegi talant iyeleriniń dóretpeleriniń ishinde xalıq júreginen orın iyelegen shıǵarmalarınıń eń hasılları saqlanıp, usı kúnge shekem jetip, búgingi atqarıwshılardıń repertuarlarında tiykarǵı orınlardı iyelep kelmekte. Sebebi bul dóretpelerde ideyalıq mazmunı jaǵınan xalıqtıń aqıl-oyı, arzıw-ármanları, keleshekke bolǵan umtılısları sáwlelengen. Sonıń menen birge xalıq qosıqları xalıqtıń tariyx aynası bolıp, milletimizdiń ózligin ańlatıp turadı.

Qaraqalpaq xalqınıń kórkem óneri álwan túrli qosıqlarǵa hám hár qıylı awızeki dóretpelerine oǵada bay bolǵanlıqtan, kóp jıllar dawamında biybaha baylıqlarǵa iye bolǵan xalıqtıń turmıs tárizinen kelip shıqqan kewil keshirmelerin bildiriw menen birge tereń tariyxıy dereklerge iye. Sebebi xalıqtıń basınan ótkenleri xalıq qosıqlarında jarqın kórinislerin tapqan. Qosıqlarda ápiwayı xalıqtıń turmıs haqıyqatlıǵı anıq kórinedi. Awır dáwir waqtında dórelgen bunday hasıl dóretpeler óziniń qunın usı kúnge shekem joǵaltpaǵan. Xalıq óz qosıqlarına húrmet penen qaraǵan hám qádirlep saqlay bilgen. Ata-babalarımızǵa ruwxıy mádet bağıshlaǵan awızeki xalıq dóretpeleriniń esap-sanı joq. Filologiya ilimleriniń doktorı N.Dáwqaraev «Qaraqalpaq xalqı - óziniń qayǵılı kúnlerinde de, quwanıshlı kúnlerinde de qosıqsız, saz-sáwbetsiz, awızeki poeziyasız jasay almadı»-dep jazǵan. [3,117]

Qosıq adamǵa tuwılǵan waqtınan baslap joldas bolǵan. Rus ilimpazı A.Belyaev 1903-jılı Sankt Peterburg Universitetinde 5-kurs studenti waqtında folklordı jıynaw hám izertlew jumısları menen qaraqalpaq awılların aralaǵan hám xalıqtıń qosıqshılıǵın kórip tań qalıp, olardı «Qaraqalpaqlar dala búlbúlleri»-dep atap ótken. Bul haqıyqatlıqtı kórgen ilimpazlar biziń xalqımızdıń qosıq penen tuwılıp, qosıq penen jasaytuǵınına hám qosıq penen dúnyadan ótetuǵınına tiykarlanıp aytqan. Qosıq xalıq turmısındaǵı hárqanday tariyxıy ózgerislerge qaramastan xalıqtıń ruwxıy baylıǵı bolıp xızmet etip kelgen. Kórkem óner xalıqqa zawıqlı ómir bağıshlaw menen birge óziniń tınımsız miyneti arqalı jaqsı turmıs keshiriwge talpındırıp, ruwxıy jaqtan qollap quwatlap, arzıw-niyetlerine qaray jeteleydi.

Ses payda bolıwı dawıs apparatınıń háreketi nátiyjesinde ámelge asırıladı. Dawıs apparatı úsh bólimnen ibarat:

1. Dem alıw organları (ókpe, bronx, traxeya-talaqtıń dem alıw jolı)
2. Alqım (dawıs perdeleri jaylasqan bólim)
3. Rezonatorlar[1] (jutqınshaq, awız hám murın)

Ses bálent perdelerge kóterilgen sayın dawıs tesigi tarayıp baradı hám eń joqarı perde seslerine jetkende tesik jabıladı. Dawıs perdeleriniń uzınlıǵı hám qalıńlıǵı hár qıylı. Bas hám bariton dawıs perdeleriniń uzınlıǵı shama menen 22-25 mm, tenor hám mecco-soprano 18-22 mm, soprano 14-19 mm. Qalıńlıǵı da hár qıylı bolıp, sopranoda 5 mm den, baslarda 5 mmge shekem boladı. Ses terbelisiniń tezligi, yaǵnıy ses bálentligi dawıs perdeleriniń tartılıw dárejesi menen baylanıslı: terbelis qansha tez bolsa, ses sonsha joqarı perdelerge kóteriledi. Sestiń kúshli bolıwı, tiykarınan joqarı rezonatorlardan tańlaydıń keńeyiwi sebepli. Buǵan awız benen murında járdem beredi, sonday-aq olar tembrdiń qáliplesiwine de úlken tásir etedi. Rezanatorlar joqarǵı hám tómengi bólimlerden ibarat bolıp, olar dawıs perdeleriniń joqarısında hám tómeninde jaylasadı. Joqarǵı rezonatorlarǵa jutqınshaq, awız hám murın boslıqları, tómengi rezonatorlarǵa traxeya hám bronx boslıǵı kiredi. Qosıqshınıń dawısı ses kúshi, tembri hám bálentligi menen ǵana emes, bálkim diapazonı menen de ajıralıp turadı. **Diapazon**-bul qosıqshı dawısınıń eń tómengi sesti menen joqarǵı ses aralıǵı. Adam dawısınıń tolıq diapazonın registrlerge bóliw múmkin. Registr dawıs diapazonınıń bir bólegi bolıp, tembr hám ses jónelisiniń biri-biri menen jaqınlıǵı tiykarında anıqlanadı. Ádette, tómengi (kókirekten shıǵıwshı sesler), orta (aralas) hám joqarı (bas penen baylanıslı sesler) registrler qosıqshılıqta qollanıladı. [5,82-85]

Hayal-qızlar dawısı tómengi, orta hám joqarı registrlerge bólinedi. Er adamlar dawısı bolsa kókirek hám bas (falcet) registrlerine iye. Balalar dawısı kókirek, aralas (miksit) hám bas (falcet) registrlerinen ibarat. Balalar dawısı ushın bas registriniń bálent tasqınlanıwı tábiyiy hal bolıp esaplanadı.

1.Falcet-(it.falso-qálbeki). Lekin, ámelde miksit registri sesleri saqlanıp qaladı. Registrler shegarasında «ótkinshi sesler» bolıp, olarda dawıs apparatınıń qayta sazlanıwı bolıp ótedi. Tessitura-dawıs, qosıq partiyası yaki qosıq diapazonınıń bir bólegi bolıp, shıǵarmada eń kóp qollanılatuǵın sesler bolıp tabıladı. Tessitura pás, orta, joqarı bolıwı múmkin. Dawıstıń erkin hám tábiyiy shınıǵıwın orta tessitura támiyinleydi. Joqarı hám pás tessituralar qosıqshı ushın qıyınshılıq tuwdıradı, sebebi uzaq waqıt qosıq aytıw waqtında artıqsha kúsh sarplanadı hám dawıs sharshaydı.

Laringolog shıpakerlerdiń aytıwına qaraǵanda bul dáwirde qız balalardıń dawısı balalıq sesten kókirek sestine ótip bekkemlenedi. Sonda da bul degenimiz, qız balalarda mutaciya dáwiri ulıwma bolmaydı degen emes. Er balalarǵa baǵdarlanǵan rejim mutaciya dáwirinde qız balalarǵa da qollanıwı kerek. Balalardıń barlıǵında da dawıs apparatında fiziologiyalıq ózgerisler boladı. Biraq dawıs apparatı sistemalı túrde shuǵıllanıp turǵan bala ushın qolaysızlıq tuwdırmaydı. Balalıq dáwirden qáliplesken barlıq vokal uqıpları (artikullyaciya, dem alıw, dikciya, sesti hár qıylı alıp barıw) er adam dawısına aylanǵanda da saqlanıp qaladı hám jańa sharayatta qosıq aytıwdı jeńilletedi. Bunday dawıs uqubına iye balalar heshbir qıyınshılıqsız eki túrli dawıs penen onsha úlken bolmaǵan diapazonda qosıq atqarıwı múmkin: a) balalar dawısı diapazonında hám b) er adamlar diapazonında. Joqarıda aytqanımızday, mutaciya fiziologiyalıq kórinis sıpatında er balalar hám qız balalardıń barlıǵında da bolıp ótedi, biraq bul qubılıs qosıq aytıw imkaniyatları hár qıylı bolǵan qosıqshılarda túrlishe ótedi.

Dem aliw. Qosıq aytqan waqıtta, ses payda etkende qosıqshınıń durıs dem alıwı áhmiyetli bolıp esaplanadı. «Qosıq aytıw óneri-nápesti tuwrı jolǵa salıw óneridur»-degen sóz klassik ibara bolıp qalǵan. Qosıq atqarıwshılıǵındaǵı dem alıw menen fiziologiyalıq dem alıw arasında málim dárejede parıq bar. Fiziologiyalıq nápeste dem dem alıw hám demdi shıǵarıw anıq bir ritmde hám málim bir waqıt aralıǵında bolıp ótedi. Qosıq aytıw payıtında dem alıw tez, qısqa waqıt aralıǵında bolıp, hawanı shıǵarıw bolsa birqansha waqıtqa sozıladı. [6,92]

Diafragma adam organizminde kókirek hám qarın boslıǵın ayırıp turadı. Tómengi qabırǵalar hám diafragmalar járdeminde dem alıwda hawanı jutıw hám shıǵarıw diafragma arqalı tártipke salınadı. Bul mınanday boladı: qosıqshı gúl iyiskelep atırǵanday etip dem aladı. Bunda ókpeler keńeyip, tómengi qabırǵalardı eki qaptalǵa súrip qoyadı hám diafragma tómen túsedi, nátiyjede, qarın aldıǵa isip shıǵadı. Jelke hám kókirektiń joqarı bólegi bul jaǵdayda ózgermeydi. Dem alıw tereń, tolıq hám eń áhmiyetlisi, shawqımsız bolıwı kerek. Demdi shıǵarıw tejemli, uzaq múddetli, bir tegis bolıwı shárt. Demdi shıǵarıw qarın qabıǵınıń háreketi menen basqarılıp, hawa joqarıǵa háreketlenip dawıs perdelerin terbeliske shaqıradı. Tómengi qabırǵalar hám diafragma áste-aqırın óz halına qaytadı. [7,46]

Qosıqshınıń dem alıw usılı hám onıń túrleri. Qosıqshılardı durıs dem alıwǵa úyretiw qosıqta vokal ústinde islewde eń zárúrli shártlerden bolıp esaplanadı. Dem alıw qosıqta birgelikte bolıwı múmkin. Bunda qosıq qatnasıwshıları qosıqtıń frazaları basında, eki pawzalar waqtında birgelikte dem alıwı kerek. Eger de shıǵarmanıń mazmunına

qarap uzaq dawam etiwshi muzıkalı pikir bolsa, qosıqta úzliksiz ses esitiliwin támiyinlewshi «shınjır» usılındağı dem alıw qollanıladı. Bul jağdayda qosıqshılar gezeklesip dem aladı, yağnıy bir qosıqshı dem alǵanda basqaları aytıp turıw kerek. Dem alıp bolıp jáne qosıq aytıwǵa boladı, bilindirmey, áste-aqırınlıq penen qosılıw talap etiledi, bolmasa ansambl birligi joǵalıwı múmkin. Ayırım shıǵarmalar basınan aqırına shekem, **«shınjır usılında» atqarıwdı talap etedi.** Ses payda etiw. Joqarıda aytıp ótilgenindey, ses dem alıw hám dawıs apparatlarınıń háreketi nátiyjesinde payda boladı. Sestiń payda bolıw waqtı «ses húјimi» dep ataladı. Dawıs perdeleriniń háreketi, dem alıw shıǵarıwdıń kúshi hám xarakterine qarap ses húјimi qattı, jumsaq hám dem alıw alıwdan sońǵı húјim bolıwı múmkin. Sestiń jumsaq húјiminde dawıs perdeleri dem shıǵarıwdıń baslanıwı menen ashıladı.[8,55-56]. Shıǵıp atırǵan hawanıń dawıs perdelerine jeńil tiyip ótiwi nátiyjesinde júdá jumsaq, «iykemge keliwshi ses» payda boladı. Nápes shıǵarıwdan aldın dawıs perdeleriniń keskin jabılıwı nátiyjesinde qattı, húјim payda boladı. Bul jağdayda shıǵıp atırǵan hawa úlken basım menen dawıs perdeleriń kelip urıladı hám payda bolǵan ses qattı hám keskin xarakterge iye boladı. Dawıs apparatınıń hárbir bólimi bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Ses tómendegi jol menen payda boladı: ókpeden shıqqan hawa aǵımı bronx, traxeya arqalı tamaqqa kelip sol jerde dawıs perdeleri tosqınına ushıraydı. Hawa basımı tásirinde dawıs perdeleri háreketke keledi, perdelerdiń tákirar ashılıp jabılıwı hám terbeliwi nátiyjesinde hawa tolqınları-ses payda boladı. Ses payda qılıw menen baylanıslı bolmaǵan ádettegi dem aliw alıw paytında dawıs perdeleri erkin halatta bolıp, hawa úsh múyeshlik formasındağı dawıs tesiginen erkin ótedi. [4,114]

Ádebiyatlar

1. Abdullaeva U. “Bahasın joǵaltpaǵan namalar” monografiya «Fan ziyosi» nashriyoti, 2022
2. Allanazarov T. «Qaraqalpaq teatrı» Tashkent 1966
3.Адамбаева Т. Музыкальная культура каракалпакского народа до октябрьского периода. //АН КазССР. Ин-т литературы и искусства им. М.О.Ауэзова – Алма-Ата, 1967.
4. Аспелунд Д. Развитие певца и его голоса. -М.: МУЗ.ГИЗ, 1952.
5. Бризгалов И.О. Школа пения для баритона и баса. - .: Г.Гулям, 1987.
6. Бўриева К. Анъанавий хонандалик (аёллар овозлари учун). - Т., 2008
7. Khodjametova, Gulchira. "Dastans are the main genre of Karakalpak folklore." international journal of social science & interdisciplinary research issn: 2277-3630 Impact factor: 7.429 12.02 (2023): 52-54.
8. Xodjametova, Gulchira. "O'quvchi tarbiyasida individual yondashish samaradorligini oshirishi." Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры 3.1 Part 3 (2023): 101-105.
9. Вызго Т. Опера и музыкальная драма //в сб.: Музыкальная культура Сов. Узбекистана – Т., 1955.

REZYUME. Ushbu maqolada har bir qo‘shiqchining vokal harakatlarni sezgi organlari kompleksi boshqaradiganligi haqqida aytilgan. Shu sababli har bir xonanda nafaqat o‘zi chiqarmoqchi bo‘lgan jarangini ichki eshitish bilan eshitadi, balki sezadi ham. Har bir xonanda «vokal jarangining tana sxemasiga» ega, unga turli organda va ovoz apparati qismlaridan turli sezgilar kiradi.

РЕЗЮМЕ. В этой статье говорится, что голосовые движения каждого певца контролируются комплексом органов чувств. Поэтому каждый певец не только слышит тот звук, который хочет издать, но и чувствует его. У каждого певца есть «схема голосового тела», включающая в себя разные ощущения от разных органов и частей голосового аппарата.

SUMMMARY. This article states that the vocal movements of each singer are controlled by a complex of sense organs. Therefore, every singer not only hears the sound that he wants to make, but also feels it. Every singer has a “voice body map” that includes different sensations from different organs and parts of the vocal apparatus.

TEATR KÓRKEM ÓNERI DÓRETIWSHILERI LABORATORIYASÍN ÚYRENIW

Qalbaev Aleuatdin - assistent oqıtıwshı
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı
Omarova Anar- assistent oqıtıwshı
Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı

Tayanch so‘zlar: musiqa, spektakl, opera, balet, teatr, saxna, asboblar, san’at, ijodkor, an’anaviy, aktyor, repertuar, xoreografiya, vokal.

Ключевые слова: музыка, спектакль, опера, балет, театр, сцена, инструменты, искусство, творчество, традиционное, актер, репертуар, хореография, вокал.

Key words: Music, performance, opera, ballet, theater, stage, instruments, art, creativity, traditional, actor, repertoire, choreography, vocals.

Teatr - bul xalıqqa úlgi bolatuǵın ullı dárgay. Bunda jámiyette bolıp atırǵan waqıyalardıń, hádiyselerdiń barlıǵı teatr ónerinde óz izin qaldıradı hám úlken áhmiyetke iye. Teatr (grekshe thatron - tiykarǵı mánisi - tamasha ushın jay, keyininen - tamasha, themonadan - kórmek, kórıw) - túrli kórkem óner túrleri (ádebiyat, muzıka, xoreografiya, vokal, súwretleytuǵın kórkem óner hám basqalar) hám ayrıqsha ózgeshelikke iye: haqıyqatlıqtı, qarama-qarsılıqlardı, personajlardı sáwlelendiriw, sonıń menen birge olardı aytıw hám bahalaw, bul jerde málim ideyalardı tastıyıqlaw dramalıq háreket, tiykarǵı atqarıwshı aktyor bolıp tabıladı.

"Teatr" dıń ulıwma túsinigi onıń hár qıylı túrleri hám formaların óz ishine aladı: drama teatrı, opera, balet, quwırshaq teatrı, pantomima teatrı hám basqalar. Dúnyada qansha xalıqlar hám milletler bolsa olardıń hárbiriniń ózine tán basıp ótken tariyxı bar. Sol tariyxıy waqıyalar tásiriniń nátiyjesinde qáliplesip rawajlanǵan muzıka mádeniyatı hám kórkem óneri boladı. Solar qatarında qaraqalpaq xalqınıń ásirler dawamında qáliplesip, atadan-balaǵa shınjırma-shınjır ótip kiyatırǵan xalıq awızeki dóretpeleri bolǵan milliy dástúrleri menen úrp-ádetleri, toy-tamashalarınıń ótkeriw máresimleri, qız-jigitlerdiń geshtektegi házil-dálkek aytısları, xalıq oyınları sózimizge mısal bola aladı. Joqarıda aytıp ótilgen bul mádeniy miyraslarımızdı biz xalqımız arasında dástúrge aylanıp ketken: “quda túsiw”, “kúyew keldi”, “qız uzatıw”, “kórimlik”, “bet ashar”, “besik toy”, “tusaw kesiw” máresimlerinde kóriwimizge boladı, bul dástúrlerimizdi jıraw hám baqsılarımız sheber aktyorlıq penen atqarǵanlıǵı sol dáwirden baslap-aq, xalqımızdıń haqıyqıy teatrlasqan tamashalarınıń dáslepki saǵaları bolǵanınan derek beredi. 1918-jıl húkimet tárepinen «Teatr bólimin dúziw haqqında» arnawlı qararınan keyin elimizde teatr ónerin qáliplestiriwge úlken itibar berilip, respublikamızdıń barlıq orınlarında hár qıylı mádeniy-aǵartıw isleri menen shuǵıllanıwshı mákemelerin shólkemlestiriw, xalıqqa tamasha beriwde dóretiwshi insanlardıń shólkemlestiriliwi menen teatr koncert toparların dúziw isleri bir qatar saplastırıldı. Sonıń menen birge mádeniy aǵartıw isleriniń shólkemlestiriliwi Tórtkúl qalasınan baslanadı. 1919-jılı Tórtkúlde dóretiwshi insanlardıń birigiwi menen muzıkalı-drama jááátiniń Qaraqalpaqstan bólimi ashıladı, bul shólkem óz jááátine qońsı rayonlardan háweskerler toparların da óz jumısına tarta basladı. Bul shólkem jááátiniń reje hám wazıypasında usı teatr háweskerlik dógereklerin birlestiriw, olarǵa basshılıq etiw, qalalarda tólemli spektakller qoyıw, koncertler, oyın-zawıq keshelerin ótkerip turıw, sonday-aq, Oraylıq qalalardan qánige teatrlar hám cirk toparların shaqırıw sıyaqlı isler orın alǵan. 1920 – jıllardıń ortalarınan baslap qaraqalpaq eli arasında «Teatr», «Teatr truppası» - degen atama sózler xalıq turmısında payda bola basladı. Ázelden óziniń milliy dástúrinde teatr óneri bolmaǵan xalıqlarda evropa úlgisindegi teatrlar sol jıllardan baslap ashılıp, dóretiwshilik jumıslar milliy tilinde alıp barıla baslaydı. Bul jańa baslamalar xalıqtıń teatr ónerine bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıp, onıń rawajlanıwına óziniń unamlı tásirin tiygizdi. Tórtkúl pedagogika texnikumınıń tábiyattanıw oqıtıwshısı Zárip Fatixovich Kasımov 1925-jıldıń basında texnikum oqıwshılarınan qaraqalpaq milliy truppasın shólkemlestiredi. Bul dógerek dáslep 13 talantlı jaslardan ibarat boldı. 1925-jıldın 3-maydağı buyrıǵı menen Z.F.Qasımov qaraqalpaq milliy truppasınıń kórkemlik basshısı bolıp tayınlanadı. Z.F.Qasımov 1924-1925-jıllar oqıw máwsiminde pedagogikalıq texnikum oqıwshılarınan qaraqalpaq milliy teatr truppasın birinshi ret shólkemlestirgen, házirgi qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınıń tiykarın salıwshılardıń biri bolıp esaplanadı. «Tań nurı» truppasınıń qáliplesiwi, oǵan jergilikli talantlı jaslardı jámlestiriwde, truppa repertuarın dáslep qazaq, tatar, ózbek dramaturglarınıń, sońın ala jergilikli milliy avtorlardıń shıǵarmaları

menen bayıtıwda onıń xızmetleri oǵada ullı. Respublikamızda bilimlendiriw tarawında milliy kadrlar tayarlawdaǵı xızmeti ılayıqlı bahalanıp, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikaları Joqarı Keńesi Prezidiumınıń húrmet jarlıqları menen sıylıqlanǵan. 1926 - jıldıń yanvar ayında Z.F.Qasımov qaraqalpaq teatr saxnasında tuńǵısh mártebe jergilikli dramaturg Qasım Áwezovtıń qálemine tiyisli “Tilek jolında” atamasındaǵı pyesasınıń dáslepki qısqasha variantın saxnalastıradı hám spektakl xalıq arasında úlken tabısqa iye boladı. 1925-1929-jılları Q.Áwezov Qaraqalpaqstan oblastlıq atqarıw komitetiniń baslıǵı, 1929-1930- jılları Qazaqstan Oraylıq Atqarıw Komiteti baslıǵınıń birinshi orınbasarı bolıp isleydi. 1931-jılı onı Qaraqalpaqstannıń Moskvadaǵı turaqlı wákili etip tayınlaydı hám 1932-jıldan baslap Q.Áwezov Qaraqalpaqstan Xalıq Komissarlar Keńesin basqaradı. Qaraqalpaqstan oblastlıq Atqarıw komiteti 1926-jılı 11-aprelde “Qaraqalpaq milliy drama truppasın dúziw haqqında” arnawlı qarar qabıl etedi. Qaraqalpaq milliy teatrınıń tariyxında bul qarar eń dáslepki rásmiy húǰjet bolıp esaplanadı, “Tań nurı” Qaraqalpaq milliy teatr truppası degen atama berilip oǵan may ayınan baslap Z.F.Kasımov kórkemlik basshısı etip tayınlanadı. 1926-jıldıń 8-noyabrinde Qasım Áwezovtıń “Tilek jolında” atlı tórt kartinalı tariyxıy draması menen “Tań nurı” teatrınıń perdesi saltanatlı jaǵdayda ashıldı. Qaraqalpaq milliy teatrı tariyxınıń jılnaması áyne usı kúnnen baslandı. 1930-jılı «Tań nurı» milliy teatr truppası «Qaraqalpaq mámleketlik milliy teatrı» bolıp qayta dúziledi. Á.Ótepov teatr direktorı hám kórkemlik basshı lawazımına tastıyıqlandı. Mámleketlik teatr dárejesine ótkennen soń kórkem háweskerler arasınan talantlı jaslar tańlanıp, teatr truppası tolıqtırıladı. Olardan keleshekte joqarı húrmetli ataqqa iye bolǵan Ayımxan Qazımbetova (Shamuratova), Toxta Raxmanova, Yuldash Sharipov, Zayıt Zaripov, Anar Qurbanova, Isak Shadiev, Jiyen Masharipov hám basqa da saxna sheberleri bar edi. Mámleketlik teatr saxnasında bul dáwirde Á.Ótepovtıń kóp aktlı «Gúman» hám kishi kólemdegi «Odekolon», «Eki baslı suw qabaq», «Boyawshı wákil», «Seytmurat jalqaw», «Kolxozshı menen doktor», qazaq jazıwshısı B.Maylinniń «Taltańbaydıń tártibi», J.Aymurzaevtıń «Hákisliler», A.Begimovtıń «Bul kim?» dramaları jarıq kórdi.

Qaraqalpaq teatr ónerin rawajlandırǵan dóretiwshiler Tóresh Allanazarov, Yuldash Mamutov, Yuldash Sharipov, Ayımxan Shamuratova, Reyimbay Seytov, Gúlxan Shirazieva, Arzıgúl Atamuratova, Sulıw Allamuratova hám jánede basqa teatr dóretiwshilerin, aktyor hám aktrisalardı ayrıqsha atap ótsek boladı. Sonıń menen birge, XX ásirdiń II yarımında qaraqalpaq kórkem ónerinde kóplegen jetiskenlikler payda bola basladı. Sol dáwirde qaraqalpaq draması hám muzıkalı draması hár tárepleme rawajlanıp hám usı tarawdıń repertuarları keńeyip bara basladı. Milliy dramaturgiyamız rawajlandı. S.Xojaniyazov, P.Tilegenov, T.Seytjanov, T.Jumamuratovlar pesaları repertuardan keń orın aldı. «Súymegenge súykenbe», «Aygúl-Abat», «Berdaq», «Ǵarip-Ashıq», «Rawshan» pyesaları saxnaǵa qoyılıp xalıqqa inám etildi. Bul saxnalastırılǵan shıǵarmalar sol dáwirdegi muzıkalı drama janrınıń eń joqarı shıńı bolıp tán alındı. A.Xalimov hám J.Shamuratov tárepinen dórelgen J.Aymurzaevtıń «Aygúl-Abat» muzıkalı draması teatrdıń eń sátli shıqqan spektaklleriniń biri boldı. Pyesada ájayıp kórinisler orın alıp, onda kúshli xarakterdegi realistlik principler súwretlengen. Bul shıǵarmalarda kompozitorlar kóplegen xalıq namalarınan kerekli jerinde sheberlik penen paydalanıwda professionallıq penen jantasqan. Bul shıǵarmalarda kompozitor qaraqalpaq xalıq namaların jańa kórinislerde ráńbáreń boyawlardı úlken sheberlik penen paydalana bilgen. Onda xalıq terme-tolǵawları, salt jırları sıyaqlı dástúr óneri saxnalıq jaqtan beyimlestirilip, baqsı-jırawlardıń sóz benen taqmaqlap bayan etiw usılları, yaǵnıy rechitativlik ayırmashılıqları orkestrge tapqırlıq penen ıqshamlastırıldı. Nájimatdin Ańsatbaev 1960-jılı Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrǵa ápiwayı jumısshı bolıp kiredi. 1961-jıl Tashkent mámleketlik teatr hám súwretshilik institutına muzıkalı drama aktyorı fakultetine oqıwǵa kiredi. 1966-jılı oqıwdı pitirip Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrına aktyor bolıp kiredi. Teatrǵa kelgennen soń ol Q.Ábdireymovtıń assistenti boladı hám bul jerde onıń rejissyorlıqqa uqıbı bar ekenligin sezip, N.Ańsatbaevtı 1973-jılı Moskva qalasınıń kishi teatrına 2 jıl tájiriybesin asırıwǵa jiberiledi. 1975-jıl N.Ańsatbaev jáne teatrǵa kelip rejissyor, aktyor bolıp jumısın dawam etedi. 1978-jılı S.Xojaniyazov atındaǵı jas tamashagóyler teatrı ashılıp, oǵan N.Ańsatbaevtı bas rejissyor etip tayınlaydı. Teatrdıń birinshi perdesin K.Raxmanovtıń «Keshikken báhár» draması menen ashadı. Jaslar teatrında bir qatar qızıqlı shıǵarmalar qoyıladı. Olardan «Jalańash karol», «Ókinish», «Oyınnan oymaq» sıyaqlı spektakllerdi saxnalastırıp jaslarǵa usınadı. 1979-jıl jáne de Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrına bas rejissyorı bolıp jumısın dawam etedi. Ol rejissyor sıpatında

S.Xojaniyazovtıń «Súymegenge súykenbe», T.Jumamuratovtıń «Tiklengen tuw», T.Seytjanovtıń, «Meni sudlańlar», K.Raxmanovtıń «Jaralanǵan júrekler», «Urını qaraqshı urdı», «Jetinshi papam», U.Abduraxmanovtıń «Ójetler», M.Karimniń «Ay tutılǵan túnde», A.Abdullinninń «On úshinshi rais», B.Jakievtıń «Ata táǵdiri», C.Axmadtıń «Kelinler qozǵalanı», A.Qahhardıń «Tabıttan shıqqan dawıs», U.Umarbekovtıń «Óz arzasına kóre», S.Balǵabaevtıń «Eń sulıw kelinshek» hám basqa da spektakllerdi saxnalastırıp, xalıqlar arasındaǵı doslıqtı bekkemlewge óz úlesin qostı. 1984-1990-jılları sol teatrdıń direktorı hám bas rejissyorlıq eki lawazımdı alıp baradı. 1990-1995-jılları aralıǵında ol jas tamashagóyler teatrına qaytıp, kórkemlik jaqtan basshısı bolıp isleydi. 1995-2001-jılları Berdaq atındaǵı Nókis mámleketlik muzıkalı drama teatrına barıp teatr rejissyor postanovshigi hám de sol teatrda keyingi jılları direktorlıq lawazımın, teatr rejissyorlıq lawazımın dawam ettiredi. Sol dáwirde A.Oripovtıń «Saxıpqıran», Berdaqtıń «Ádalatqa qıyanet», N.Dáwqaraevtıń «Alpamıs» spektakllerin aytıp ótiw orınlı.

1999-jılı B.Muqaynnıń «Turmıstan toyǵan tún» shıǵarmasın ózbek milliy Akademiyalıq teatrında saxnalastırıp, Tashkentli tamashagóylerge usındı. Spektakl teatr qánigeleri hám tamashagóyler tárepinen joqarı baha aldı. 2009-jılı Kair qalasında ótkerilgen XXI xalıq aralıq eksperimental teatrlar festivalında «Eń sulıw kelinshek» spektakli menen qatnastı. 2011-jıl Tashkent qalasında ótkerilgen «Seni kuylaymiz zamondash» Ózbekstan Respublikası teatrlarınıń kórik tańlawına P.Aytmuratovtıń «Umtılǵanǵa tóle yar», 2013-jılı Q.Narqabıldıń “Nur sayada qalmaydı” spektaklleri menen qatnasıp tamashagóy hám qánigelerdiń unamlı pikirlerine eristi. 2015-jıldan baslap ol Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialında ustazlıq etip jaslarǵa tálim berip kelmekte.

Onıń bul miynetlerin húkimetimiz bahalap, oǵan 1969-jılı Qaraqalpaqstan Respub-likasında xızmet kórsetken artist, 1974-jılı Ózbekstan Respublikası xalıq artisti, 1980-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, 2000-jılı «Mehnat shuhrati» hám 2009-jılı «El yurt hurmati» kókirek nıshanı menen sıylıqlandı.

Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikke eriskennen keyin barlıq tarawlardaǵı júz berip atırǵan ózgerisler sıyaqlı, respublika teatrları da jańa rawajlanıw jolına óte basladı.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jılında teatrımızǵa ullı sóz zergeri, klassikalıq ádebiyatımız bayteregi Berdaqtıń ismi berildi. Kórkem ónerdi, sonıń ishinde teatrlar jumısların bunnan bılay da rawajlandırıw boyınsha Prezident Pármanları hám Húkimet qararları qabıllandı.

1998-jılı 26-marttaǵı 1980-sanlı «Óz-bekstan Respublikasında teatr kórkem ónerin rawaj-landırıw haqqında»ǵı, 2017-jıl 31-maydaǵı «Má-deniyat hám kórkem óner tarawın jáne de rawajlandırıw hám jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı Prezident Pármanları, 2017-jıl 3-avgust kúni mámleketimiz Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń Ózbekstan dóretiwshi-zıyalılar wákilleri menen ushırasıwda shıǵıp sóylegen sózi hám ushırasıwdan keyingi dáwirde dóretiwshi zıyalılarǵa, teatrlarǵa kórsetilip atırǵan ǵamxorlıqların ayrıqsha atap ótiw orınlı.

Birinshi milliy operamız «Ájiniyaz» (2014-jıl, rejissyor N.Ańsatbaev) hám birinshi baletimiz «Ayjamal» (2017-jıl, baletmeyster A.Sharipov) qayta saxnalastırılıp, xalqımızǵa inam etildi. Klassik shayırımız Berdaq Qarǵabay ulınıń 190 jıllıq yubileyi múnásibeti hám teatrdıń 90 jıllıq yubiley kesheleri aldınan dramaturg Q.Mátmuratovtıń «Berdaq» (rejissyor B.Utebaev) shıǵarması jańadan saxnalastırıldı.

Bul jılları milliy opera hám baletlerimiz kóbeyip bardı. N.Muxammeddinovtıń «Ájiniyaz» operası menen «Ayjamal» baletinen soń, aradan biraz jıl ótip Q.Zaretdinovtıń «Tumaris» operası, «Qırıq qız» baleti saxnalastırılıp qaraqalpaq kórkem ónerinde úlken jańalıq boldı. 2019 jılı N.Muxammeddinovtıń jáne bir operası «Gúlayım» (libretto avtorı G.Matyakubova) premerası ótkerildi.

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı jámáati xalqımızdıń kewillerinen shıǵatuǵın, búgingi kún talabına juwap beretuǵın spektakllerdi saxnalastırıp kelmekte.

Ádebiyatlar

1. A.Nadırova Qaraqalpaq muzıka tariyxı. «Sano-standart» Tashkent 2018
2. Adambaeva T. Qaraqalpaq sovet muzıkasınıń tariyxı. Nókis «Qaraqalpaqstan» 1985. 80-81 betler
3. Allamuratov A. «Qaraqalpaq iskusstvosı tariyxınan». Nókis «Bilim» 1978.
4. Allamuratov A. «Máńgi miyras». Nókis «Bilim» 1993.
5. Nızamov B. «Qaraqalpaqlar». Nókis «Bilim» 2020.

REZYUME. Maqolada Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat akademik musiqali teatr tariyxi haqida malumot, milliy qadriyatlaridan, fol’klor an’analari Qoraqalpoq teatrining yilnomasi keng yoritilgan.

Mustaqillik yillarida erishilgan yutuqlar, qolaversa, zamonaviy mavzular, o‘tmishimizni aks ettiruvchi asarlar yoritilib berilgan.

РЕЗЮМЕ. В статье широко освещены сведения об истории Каракалпакского государственного академического музыкального театра имени Бердаха, его национальных ценностях, фольклорных традициях и летописи Каракалпакского театра. Освещены достижения, достигнутые за годы независимости, а также современные темы и произведения, отражающие наше прошлое.

SUMMARY. The article widely covers information about the history of the Karakalpak State Academic Musical Theater named after Berdak, its national values, folklore traditions and the chronicle of the Karakalpak theater. The achievements achieved during the years of independence are covered, as well as contemporary themes and works reflecting our past.

ALOQA VOSITASI SIFATIDA TELEVIDENIE VA RADIO DASTURLARI

Qdirbaev Islambek Qutlibaevich - *o‘qituvchi*
O‘zbekiston davlat san’at madaniyat instituti Nukus filiali

Tayanch so‘zlar: televideniye, radio, rejissyor, intonatsiya.
Ключевые слова: телевидение, радио, режиссура, интонация.
Key words: television, radio, rejissyor, intonatsiya.

Ovoz paychalarining tebranishida ular orasidan o‘tuvchi havo oqimi ham harakatlanib, tovush hosil qiladi. Bunday tovush sekundiga ma’lum miqdordagi tebranishlarga ega bo‘lgan havo zarbalari yoki qisqa impulslar ketma-ketligidan boshqa narsa emas. Har bir bunday impuls, burun bo‘shlig‘ida joylashgan havoning tebranishini keltirib chiqaradi. Tilning, jag‘ning, lablarning, yonoqlarning turli pozitsiyalaridan foydalanib, siz turli xil tovushlarni yaratishingiz mumkin va shu bilan ma’lum rezonans chastotalarni hosil qilishingiz mumkin. Shunday qilib akustik (tovushli) signal paydo bo‘ladi.

Akustik signal spektrining shakli va tarkibi doimiy ravishda o‘zgarib turadi. Spektrlar yuqori va past chastotali, diskret, uzluksiz, uzluksiz va intervalgacha bo‘linadi.

Ovoz yordamida estetik ma’lumotlar havoga uzatiladi, bu xabarni to‘g‘ri idrok etish uchun hal qiluvchi ahamiyatga ega emas. Semantik ma’lumotlar alohida rol o‘ynaydi, bu bayonotning ma’nosini tushunishda hal qiluvchi ahamiyatga ega.

Zamonaviy tilshunoslar "nutq" va "til" kabi tushunchalarni ajratadilar. Nutq - murakkab akustik signalni ishlab chiqarish va qabul qilish jarayoni bo‘lib, u orqali bir shaxsning (adresatning) fikri boshqa (adresat) tomonidan uzatilishi va tushunilishi mumkin. Insonning nutqi, birinchi navbatda, uning fikr va his-tuyg‘ularini aks ettiradi.

Til insoniy muloqotning eng muhim vositasi, “vositasi fikr va his-tuyg‘ularni shakllantirish va ifodalash, yangi ma’lumotlarni, yangi bilimlarni o‘zlashtirish vositasi. Nafaqat nima deyishimiz, balki uni qanday aytishimiz ham muhim, chunki noto‘g‘ri qo‘llangan so‘z yoki uning buzilgan shakli, ayniqsa, efirda nutq madaniyatiga ta’sir qiladi. Yaratilgan televideniye va radio asarlar hamisha ma’lum bir uslubga mos kelishi kerak. (ilmiy, publitsistik, badiiy va boshqalar) dastur janriga qarab.

Ovoz rejissyori ba’zida nutq yozuvlarini translyatsiyaga tayyorlashda juda ko‘p xatolarni tuzatishi kerak. Albatta, buning uchun uning o‘zi malakali tahrirlash qobiliyatiga ega bo‘lishi kerak.

Televideniye va radio dasturlari matnlarini tahrirlash xususiyatlari haqida gapirishdan oldin biz nutq va og‘izaki muloqotni tavsiflovchi keng lingvistik tushunchalarni ko‘rib chiqamiz.

Intonatsion-semantik va semantik-sintaktik xususiyatlariga ko‘ra nutqni quyidagicha tasniflash mumkin:

- qisqa (qisqa);
- kengaytirilgan (davriy);
- aralash (qisqa nutqdan davriy nutqqa va aksincha) o‘tish bosqichini ifodalaydi.

Diktor yoki boshlovchining televidenie va radiodagi nutqiga juda jiddiy yondashish kerak. Ekrandagi har qanday ma’ruzachi doimo u yoki bu tarzda tinglayotganlarning ongi va xatti-harakatlariga ta’sir ko‘rsatishga intiladi. U ularni ishontirishga yoki ko‘ndirishga yoki hayratga solishga yoki qo‘rqitishga va hokazo. Bundan tashqari, erishilgan natijalar diktor yoki taqdimotchining niyatlariga kiritilishi mumkin yoki ular kiritilmasligi mumkin, lekin o‘z-o‘zidan paydo bo‘ladi. Eshittirish mahorati ma’ruzachining niyatlari erishilgan natijalar bilan mos kelishini ta’minlashdan iborat.

Til va nutqning ajralmas qismi so‘zdir. Radio va televidenieda so‘zlarning boshqa til

vositalari sifatida tanlanishi bir qator xususiyatlar bilan bog‘liq. Televizorda bu birinchi navbatda ekran konteksti, vizual tasvirlar (ramka tarkibi, tahrirlash, kompozitsiya, tasvir dinamikasi); tovush ketma-ketligi (musiqa, shovqinlar, ovozlar, pauzalar, intonatsiyalar); tomoshabinga maksimal ta’sir ko‘rsatishga qaratilgan nutq holati.

Og‘izaki nutqning bevosita maqsadi televidenie va radio tinglovchilariga turli, ba’zan bir-biriga zid bo‘lgan ma’lumotlarni tushunish va tushunishga yordam berishdir.

Og‘izaki nutq - Bu o‘ziga xos sifat va funktsiyalarga ega bo‘lgan nutq uslubi. Og‘izaki nutqning asosiy sifati so‘zlovchilar atrofidagi vaziyatning haqiqatidir. Bunday nutqning mazmuni -bu muloqot momentining manfaatlari. Suhbat nutqi oldindan tayyorlanmaydi. Shuning uchun u ko‘pincha loyqalik bilan tavsiflanadi, differensiallikning yo‘qligi, sukut saqlash va h.k. Bu asosan har doim dialogik va bevosita suhbatdoshning idrokiga bog‘liq. Suhbatning ekspressiv vositalariga temp, balandlik, pauza va stress kiradi. Bularning barchasi ma’ruzachining individual xususiyatlari bilan chambarchas bog‘liq. Intonatsiya so‘zlashuv nutqida katta rol o‘ynaydi, u og‘izaki so‘zlarning ma’nosini yaxshiroq ifodalashga (va shunga mos ravishda tushunishga) yordam beradi.

Adabiyotlar

1. Н.Н Эфимова – Звук в эфире (Москва 2015г).
Ol Silvestr rolın tabıslı atqarıp shıqtı. Oqıwdı tamamlap, Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrında aktyor bolıp óziniń dáslepki miynet jolın baslaydı. Usı kúnnen baslap Qaraqalpaq teatr kórkem óneri rawajlanıwında óziniń múnasip úlesin qosa basladı. Ózbek hám Qaraqalpaq xalqınıń ózine tán milliy kórkem ónerin úgit-násiyatlaw hám olardıń xalıqlar kórkem ónerinde óz-ara baylanısın teatr tarawında sáwlelendiriw maqsetinde tınımsız miynet etti.

Irzamurat Aybatov óziniń aktyorlıq dóretiwshiligi dawamında júzden aslam bir-birin qaytalamaytuǵın roller atqardı. Bular:

K.Raxmanovtıń “Toǵız tońqıldaq bir sheńkildek” spektaklinde - Allaniyaz bay, S.Xojaniyazovtıń “Úmit ushqınları”nda - Diyqan, S.Jumaǵulovtıń “Adamlar qalay buzılǵan”da - Wázir, A.Ótalievtiń “Sultan Jalaliddin Manguberdi”de – Toqayxan, S.Jumagulovtıń “Kúyewińdi berip tur”da – Manas, K.Goldoniniń “Eki bayǵa bir malay”nda – Silvio, Molerdiń “Skapenniń hiylesi”nde – Silvestr sıyaqlı obrazlar dóretip, tamashagóyler kewlinen orın alıp, alǵıslarına miyassar boldı.

Belgili aktyor I.Aybatov “Qaraqal-paqfilm”de de birqansha obrazlar dóretti. Atap aytqanda, M.Nızanovtıń “Kurort” kinofilminde – Mırzabay, “Ómirdiń úsh paslında – Jumabay, “Urı”da – Qazaq kisi obrazların sáwlelendirdi hám xalqımızdıń súyikli aktyorına aylandı.

Ádette belgili aktyorlar saxnalastırǵan spektakllerden kewli tolmasa ózin rejissyorlıq tarawda da sınap kóriwge qarar etedi. Bul tarawda oǵan rejissyor Rembay Tóreniyazov ustazlıq etti hám birgelikte S.Salahiddinovtıń “Ómir esik artında” spektaklin saxnalastırdı. Bul spektakl onıń birinshi rejissyorlıq jumısı boldı. Spektakl tabıslı shıqqannan keyin onıń ózine degen isenimi artıp, rejissyor sıpatında bir-birin táki-rarlamaytuǵın spektakller saxnalastırdı. Teatr jámáati oǵan isenim bildirip, 2005-jıldan teatrdıń bas rejissyorı etip tayınlandı. Ómiriniń aqırına shekem bas rejissyor bolıp miynet etken I.Aybatov túrli janrlarda 40 tan aslam spektakller saxnalastırdı.

Teatrdaǵı hám kinodaǵı dóretiwshiligi sıyaqlı rejissurada da tanımalı bola basladı. Máselen, H.Muhammad hám T.Azizxojaevlardıń “Kúyewler bellesiwi”, F.Babajanovanıń “Anam, janım anam”, K.Raxmanovtıń “Toǵız tońqıldaq bir sheńkildek”, Q.Mátmuratovtıń “Kempirge talas”, G.Tursunovanıń “Sınaq”, P.Aytmuratovtıń “Ana qızım, shıraǵım”, R.Yurievtıń “Fermer Nurım ata, J.Mahmudovtıń “Sadıq doslar”, P.Aytmuratovtıń “Arzıwlar qanatında”, “Awılǵa qaytıw” sıyaqlı spektakllerdi zamanagóy usılda saxnalastırıp, tamashagóyler hám qánigelerdiń kewlinen orın aldı.

Tınımsız izleniwler óz nátiyjesin berdi. 1987-jılı K.Kárimovtıń Qaraqalpaq xalıq ertegi tiykarında saxnalastırǵan “Altın teńge” spektaklindegi – Qarabay obrazın dóretkeni ushın “Jıldıń eń jaqsı milliy obrazı” nominaciyası jeńimpazı bolǵan bolsa, 1990-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen “Orta Aziya hám Qazaqstan jas tamashgóyler teatr festivalında” “Eń jaqsı atqarǵan epizotlıq roli ushın” nominaciyasın qolǵa kirgizdi. Onıń miynetlerin múnásip bahalap, 1994-jılı Qaraqalpaqstan “Jaslar” sıylıǵınıń laureatı boldı. 2007-jılı Túrkmenstannıń Ashqabat qalasında ótkerilgen “Milliy folklor hám teatr kórkem óneri” festivalında, sol qatarı Mısırdıń Kair qalasında ótkerilgen IX “Xalıqaralıq

eksperemental teatrlar” festivalında eń joqarı nominaciyaǵa iye boldı. 2011-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen “Teatr.uz” ekinshi xalıqaralıq teatr festivalında teatr jámáátiniń miyneti múnásip bahalandı. 2011-jılı “Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri” ataǵı menen sıylıqlandı.

Aramızdan erte ketkennen soń, teatr jámááti Irzamurat Aybatovtıń teatr haqqındaǵı pikirlerin eslep “Teatr – bul meniń ómirim. Teatr – bul bizlerdiń úyimiz. Bul jerde barlıq kásiplesler bir shańaraq aǵzasındaymız” – degen sózlerin esleydi. Baspasózdegi maqalasında “Ómirimniń derlik barlıq este qalarlıq waqıtları teatr menen baylanıslı. Usı dárgayǵa kelgenimde mennen baxıtlı adam joq edi. Bul waqıyaǵa 37 jıldan asıptı. Usı dáwir ishinde saxnalastırǵan birqansha spektakllerim Ashxabad qalasında ótkerilgen “Milliy folklor hám teatr kórkem óneri”, Kairde ótkerilgen IX Xalıqaralıq teatr festivalında joqarı orınǵa hám nominaciyaǵa múnásip dep tabıldı. Miynet adamdı shınıqtıradı, waqtı kelgende sawǵaları menen sıylaydı. Dóretiwshilikte bir minutta toqtamaw rejissyordıń altın qaǵıydası…” – degen pikirleri onıń ómiri hám dóretiwshiliginiń esabatına uqsaydı.

Juwmaqlap aytqanda, tákirarlanbas talant iyesi, teatr kórkem óner pidayısı, qısqa ómiri dawamında tanımalı bolǵan hám xalqımız kewlinen orın aldı. Ol tamashagóyler kózqarasınan hám kórkem talaptan kelip shıǵıp zamanǵa say qaharmanlardı jaratıw máselesinde úlgi kórsetti. Irzamurat Aybatovtıń Qaraqalpaq teatrındaǵı xızmeti aktyorlıq sheberligi, rejissyorlıq sheshimi hám dramaturgiyadaǵı izleniwleri ózine tánligi menen tamashagóyler kewlinen shıǵa alǵanı ushın xalqımız qálbinde máńgi jasaydı.

Ádebiyatlar

1. Qaraqalpaq mámleletlik jas tamashagóyler teatrı T.: - Teatr // 2019. № 3.

2. A.Seytov. Qaraqalpaq mámleletlik jas tamashagóyler teatrı rejissurasınıń tiykarshılarınan biri. T.: - Teatr // 2021. №1.

3. T.Urazov. Teatr onıń ómiri edi.Qaraqalpaqstan jasları. / 2021.14-yanvar №2.

4.G.Juginisova. Siz mangi jasaysız, teatr saxnasında. .Qaraqalpaqstan jasları.. / 2021.16-yanvar.

5. T. Seitnazarova Modern Science and Research 2. Educational significance of Berdaq's poet works and the place of" Khalyk ushin" opera on the theater scene.

РЕЗЮМЕ. Мақола қорақалпоқ ёш томошабинлар театрининг машхур актёри, бош режиссёри, қатор совринлар эгаси, Ўзбекистон Республикасида хизмат кўрсатган маданият ходими Ирзамурод Айбатовнинг ижодий фаолияти ҳақида.

РЕЗЮМЕ. Статья о творческой деятельности известного актера, главного режиссера Каракалпакского театра юного зрителя, обладателя ряда призов, заслуженного работника культуры Республики Узбекистан ирзамурода Айбатова.

SUMMARY. The article is about the creative activity of the famous actor, chief director of the Karakalpak Theater of the young spectator, winner of a number of prizes, Honored Worker of Culture of the Republic of Uzbekistan irzamurod Aybatov.

SES JAZÍW TEXNOLOGIYASÍNÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ
(Rossiya ses rejissyorlıǵı mısalında)

Tilepov Quatbay Nukusbaevıch - *assistent oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanısh sózler: mádeniyat, kórkem óner, kadr, kino óneri, ses rejissyorı.
Ключевые слово: культура, изобразительное искусство, кадр, кинематография, звукорежиссёр.
Key words: culture, art, personnel, film industry, sound director.

Rossiyada ses rejissyorlıǵı kásibiniń qáliplesiwi ótken ásirdiń 30-jıllarında júz bergen. Bul proceste kino sheshiwshi rol oynadı. Moskva hám Sankt-Peterburgtaǵı ilimpazlar gruppaları derlik bir waqıttıń ózinde Rossiyada optikalıq usıl járdeminde plyonkaǵa dawıs jazıw ushın birinshi qurılmalardı jarattı.

Izertlewshilerdiń pikirine kóre, birinshi dawıslı súwret ekranda kórsetilgen muzıka ásbapları dawısın tákirarlaw qábiletin kórsetetuǵın koncert programması (1930) edi. Dawıstı jazıw hám birinshi dawıs jazıw qurılmalarında tıńlaw elektromexanikakalıq usılda isletilingen plyonkada ámelge asırıldı (birinshi qurılma oylap shıǵarıwshı A.F.Shorin atınan "Shorinophone" dep atalǵan). Shorinophone birdey qurılmada tákirarlanǵan kóp jollı mexanikalıq kese jazıwdı ámelge asırdı. Shorinofonda jazıp alıw hám kóbeytiw elementiniń rolin arnawlı bas atqarǵan, oǵan truba kesiw ushın keskish kiritilgen hám jırlaw ushın korund iynesi kiritilgen.

Radio esittiriwdiń jaratılıwı hám rawajlanıwı ses rejissyorlıǵı kásibiniń rawajlanıwda úlken rol oynadı. Ótken ásirdiń 30-40-jılları tiykarǵı jazıw quralları úlken mum yamasa tonfoil diskları edi. Bul disklarda audio treklar elektromexanikalıq tárizde kesilgen, olardan jazıw birdey qurılmada tıńlanǵan. Eger 30-50-jıllarda texnikalıq tárepten dawıs jazıw úskeneleriniń nadurıslılıǵı sebepli júdá kóp árman etilgen bolsada, ses rejissyorlıǵı ustaları qashannan berli payda bolǵan, olardıń atları óz ortalıǵında keń tarqalǵan - D.Gaklin, A.Grossman, S. Pazuxin, hám taǵı basqa. Olardıń umtılıw háreketleri menen klassik muzıkanı jazıp alıw texnologiyası az-azdan "janlı" kontsertlerde de, studiya maydanlarında da basqıshpa-basqısh islep shıǵıldı. Olar programmanı jazıp alıwda joqarı kórkem sapaǵa eristi. Optika-mexanikalıq televizordıń birinshi uzatılıwı - katodlı trubkalı televidenieniń ashılıwı – 1931-jılı Moskvada hám 1932-jılı Leningradta bolıp ótti. 1938-1939-jılları bul qalalarda televideniye orayları ashılıp, olar sol waqıtta vakuumlı trubkalardan paydalanǵan halda aldıńǵı dawıs studiyası úskeneleri menen úskenelestirilgen.

Rossiyada radio hám televideniye tarmaqlarınıń keń rawajlanıwı ótken ásirdiń 50-jılları baslanǵan. 1980-jılı mámleketimizdiń hár túrli qalalarında 120 ǵa jaqın teleoraylar hám 180 ge jaqın radio úyleri bar edi. 1950-1960-jılları dawıs jazıw studiyaların texnikalıq tárepten qayta úskenelew ámelge asırıldı.

Birinshi trubkalı magnitafonlar hám miksher pristavkaları payda boldı, magnitofonlardıń assortimenti keńeydi, kúsheytkishlerdiń texnikalıq kórsetkishleri jaqsılandı hám taǵı basqa 1960-jıllardan baslap stereofonik radio esittiriwdiń aktiv keń kólemde tarqatılıwı baslandı.1960-jıllardıń aqırında dawıs studiyaların jańa úskeneler menen qayta úskenelewdiń ekinshi dáwiri baslandı: birinshi náwbette tranzistorlarda, 1970-jıllardıń ekinshi yarımınan bolsa audio signallardı qayta islew úskenesi (reverberlar, kompressorlar, shawqımlardı kemeytiw) menen integral mikrosxemalar boyınsha sistemaları hám basqalar). Sol waqıtta "Lenfilm" kinostudiyaları magnit jazıwdı ózlestirgen edi. Stereo hám kóp trekli magnitofonlar, stereomikrofonlar, jańa, zamanagóy hám aldıńǵı mikslaw pristavkaları payda bola basladı hám keń tarqaldı.

Bul proceslerdiń barlıǵı tábiyiy ses rejissyorlarınıń jumıs texnologiyasında sezilerli ózgerislerge alıp keldi. Jańa texnikalıq bazanıń rawajlanıwı menen dawıstı redaktorlaw, qayta jazıw hám izbe-iz over dublyaj qılıw múmkinshiligi payda boldı. Dawıstı kóp trekli jazıp alıw hám odan keyin barlıq dawıs komponentlerin aralastırıw fonogrammalardı qayta islew imkaniyatın berdi. Mısalı, jasalma reverberaciyadan paydalanıw xojalıq derekler dawısın sezilerli dárejede bayıtdı, kompressorlardan paydalanıw bolsa fonogramma dawısın jáne de bay hám tıǵızraq etdi. Bul dáwirde jergilikli ses rejissyorlarınıń jańa áwladı qáliplesti, olar joqarı sapalı hám joqarı kórkem dawıs jazıwların jarattı - I.Veprintsev, V.Babushkin, S.Shugal, V.Dinov, M.Vendrov, Y.Xaron, P.Kondrashin, V.Vinogradov hám taǵı basqa. Olar kóbinese texnikalıq qurallardıń jetpesligin ózleriniń ziyreklilikleri menen toltırıwǵa májbúr boldı.

Rossiyada ses jazıwdı rawajlandırıwdıń úshinshi dáwiri 1980-jılları baslanǵan hám házirge shekem dawam etpekte. Jańa cifrlı hám kompyuter texnologiyalarınıń payda bolıwı menen dawıstı qayta islew procesi ózgerdi, keńisliktegi dawıs jazıw sistemaları aktiv túrde engizildi. Bulardıń barlıǵı dawıs studiyaların jańa qayta úskenelerdiń keń kólemli procesine sebep boldı. Házirgi waqıtta jetekshi dawıs jazıw studiyaları hár qıylı cifrlı úskenelerden paydalanıwǵa ótken yamasa ótip atır. 1990-jıllardan baslap Moskva, Sankt-Peterburg hám basqa qalalardaǵı studiyalar kompyuterdi redaktorlaw stanciyalarınan paydalandı.

Cifrlı texnologiyalarǵa ótiw sızıqlı bolmaǵan dawıstı redaktorlaw, kóplegen arnawlı effektler hám keńisliktegi kodlaw sebepli jańa múmkinshiliklerdi ashıp beredi, bul sizge hár qıylı akustikalıq mákan jaratıw, jańa tembrlerdi kirgiziw hám jańa tembrlerdı qollaw imkaniyatın beredi. Dawıs texnologiyasın rawajlandırıwdıń jedel hám qaytarıp bolmaytuǵın procesi keleshekte kino, televideniye hám radio ushın jergilikli ses rejissyorlıǵınıń jáne de joqarı dárejesine alıp keledi. [1]

Bul bolsa, óz gezeginde, qánigeler ushın dawıstı jazıp alıw, qayta islew hám redaktorlaw boyınsha jańa qosımsha múmkinshiliklerdi ashıp beredi hám virtual dárejede dawıs jazıwların

jaratıwda ózine isenimli dóretiwshilik ideyalardı ámelge asırıw imkaniyatın beredi. Solay etip, zamanagóy televideniye hám radionıń ses rejissyorlıǵına cifrlı texnologiyalardıń aktiv engiziliwi úlken tásir kórsetip atır. Biraq onıń unamlı hám unamsız tárepleri bar, bul, álbette, tolqınlardıń dawıs ortalıǵı jaǵdayına tásir etedi.

Juwmaqlastırıp aytqanda, Rossiya televideniye hám radiosında házirgi kúnde zamanagóy texnikalar menen támiyinlenip xalıq ushın sapalı kórsetiwler tayarlanıp kelinbekte.

Ádebiyatlar

1.Абрамов А. А. О специфике музыкального содержания //Эстетические очерки. М., 1973. Вып. 3.
2.Абрамов В., Рихтер С., Попов О. Телерадиовещание: ущерб психическому и физическому здоровью //Broadcasting. 2001—2002. № 8.
3.Авербах Е. М. Музыка и СМК: Из прошлых прозрений, прогнозов и проблем //В зеркале критики: Из истории изучения художественных воспоминаний массовой коммуникации. М., 1985.
4.Аверина Н. Проблема бессознательного в художественном мышлении («Клип») //Современные проблемы аудиовизуальных средств массовой коммуникации. М., 1995.

REZYUME. Bul maqalada Rossiyada ses rejissyorlıǵı kásibiniń rawajlanıw basqıshları, dawıs jazıw úskeneleri túrleri, radio hám televideniye tarmaqlarınınıń keń rawajlanıwı haqqında sóz etiledi.

РЕЗЮМЕ. В данной статье рассматриваются этапы развития профессии звукорежиссера в России, виды звукозаписывающего оборудования, широкое развитие радио-и телевизионных сетей.

SUMMARY. This article will talk about the stages of development of the profession of sound directing in Russia, the types of sound recording equipment, the wide development of radio and television networks.

BIBLIOGRAFIYA HÁM MÁDENIYAT

KITAPXANA ISKERLIGI RAWAJLANÍWÍNDA INNOVACION TEXNOLOGIYALARDÍŃ ÁHMIYETI

Aytımova Dilbar Aymuratovna – *úlken oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanch so‘zlar: kutubxona ishi, raqamlashtirish, ta’lim texnologiyalari, elektron kutubxonalar, axborot savodxonligi, kutubxona xizmati, raqamli resurslar.

Ключевые слова: библиотечное дело, цифровизация, информационные технологии, электронные библиотеки, информационная грамотность, библиотечное обслуживание, цифровые ресурсы.

Key words: librarianship, digitalization, information technology, electronic libraries, information literacy, library services, digital resources.

Kitapxanalardıń tariyxı áyyemgi civilizaciyalardan baslap mıń jıllıq bolıp, bul dáwirde kitapxanalar fakt hám bilimler saqlaytuǵın orınlardan ibarat edi. Áyyemgi Mesopotamiya hám Mısırda kitapxanalar áhmiyetli hújjetler, diniy tekstler hám ilimiy shıǵarmalar saqlanatuǵın gúlal taxtasha hám papiruslar toplamı bolǵan. [1, 12-18] Jazıwshılıq hám mádeniyat rawajlanıwı menen kitapxanalar ilimpazlar hám filosoflar bir-biri menen pikirlesiw hám izertlewler alıp barıwı múmkin bolǵan bilim oraylarına aylandı. Orta ásirler áyyemgi tekstlerdi saqlaytuǵın hám kóshiretuǵın kitapxanalarınıń dúziliwi menen belgilengen. Bul kitapxanalar, ásirese, Evropada, mádeniy krizis hám urıslar dáwirinde bilimlerdi saqlawda tiykarǵı áhmiyetke iye boldı. Renessans, óz náwbetinde, kitapqa hám bilimge qızıǵıwshılıqtıń jańa tolqının payda etti, bul bolsa jámiyetlik kitapxanalardıń jaratılıwına hám oqıtıwshilar bilimdi beriwinde kitap baspalarınıń roliniń kúsheyiwine alıp keldi. XVIII hám XIX ásirler kitapxanalar keń xalıq ushın ashıla baslaǵan dáwirler boldı. Aǵartıwshılıq ideyasınıń payda bolıwı menen kitapxanadan xalıqtıń barlıq qatlamları paydalanıwı múmkin boldı, bul bolsa sawatlılıq hám bilimlendiriwdiń tarqalıwına xizmet etti. Bul dáwirde "pulsız xalıq kitapxanası" koncepciyası payda boldı hám bul bilimnen paydalanıwdı demokratiyalastırıw boyınsha salmaqlı qádem boldı. XX ásir texnologiyalardıń jedel rawajlanıwı, jańa media formatlar: audiovizual materiallar, mikrofilmler

hám keleshekte sanlı texnologiyalar payda bolıwı dáwiri boldı. Kompyuterlestiriwge ótiw menen kitapxana jumısı ózgerdi hám kitapxana katalogları elektron túrde paydalanıla basladı, bul bolsa informaciyanı izlewdi ádewir ápiwayılastırdı. XXI ásir baslarında kitapxanalar internet hám sanlastırıwdıń jedel rawajlanıwı menen baylanıslı jańa qáwip-qáterlerge dus keldi. Onlayn resurslar hám elektron kitaplardıń payda bolıwı informaciyanı paydalanıw tárizin ózgertip jiberdi. Kitapxanalar sanlı kollekciyalar, onlayn maǵlıwmatlar bazaları hám túrli bilimlendiriw baǵdarlamalarınan paydalanıw imkaniyatın berip, usı sharayatqa beyimlesken. Solay etip, kitapxanalardıń tariyxıy konteksti olardıń bilim saqlawdan bilimlendiriw hám mádeniy proceslerde belsene qatnasıwına shekemgi evolyuciyasın kórsetedi, sanlı dáwirge beyimlesiw bolsa olardıń rawajlanıwındaǵı jańa basqısh bolıp, onda olar dástúrler hám innovaciyalar arasındaǵı teń salmaqlılıqtı tabıwı kerek. [2, 78-85]

Málimleme tiykarǵı resursqa aylanıp baratırǵan házirgi dúnyada kitapxanalar tez ózgerip atırǵan sanlı landshaftqa beyimlesiw zárúrligine dus kelmekte. Sanlastırıw, jańa texnologiyalardı engiziw hám xızmet kórsetiw usılların ózgertiw – bulardıń barlıǵı kitap-xanalardıń aman qalıwı hám rawajlanıw strategiyasınıń ajıralmas bólegine aylandı. Bul maqalada kitapxanalar óziniń beyimlesiwin ámelge asıratuǵın tiykarǵı baǵdarlardı kórip shıǵamız hám olardıń málimleme jámiyeti kontekstegi áhmiyetin talqılaymız. Beyimlesiw jolındaǵı dáslepki qádemlerden biri elektron resurslardı jedel engiziw boldı. Kitapxanalar elektron kitaplar, jurnallar hám ilimiy maqalalardı satıp alıwdı basladı, bul bolsa paydalanıwshılardıń informaciyadan paydalanıw imkaniyatın sezilerli dárejede keńeytti. Sanlı arxivlerdiń jaratılıwı qoljazbalar hám tariyxıy húJjetler sıyaqlı siyrek ushırasatuǵın materiallardı saqlaw, olardı keń jámiyetshilik ushın qolaylı etiw imkaniyatın beredi. Bul tek ǵana mádeniy miyrastı saqlawǵa járdem bermey, al kitapxanalardı sanlı dáwirde áhmiyetli bilim orayına aylandırmaqta. [3]

Málimleme texnologiyalarınıń engiziliwi kitapxana xızmetiniń áhmiyetli tárepine aylandı. Integrated Library Systems (ILS) járdeminde kitapxana proceslerin avtomatlastırıw kitaplardı kataloglastırıw hám esabın ádewir ápiwayılastırdı. Onlayn kataloglar (OPAC) paydalanıwshılarǵa internet arqalı kerekli materiallardı izlew hám tabıw imkaniyatın beredi, bul kitapxana menen óz-ara baylanıstı jáne de qolaylı hám sapalı etedi. Kitapxananıń sanlı formatqa ótiwi menen paydalanıwshılarǵa jańa xızmetler usınıla basladı. Virtual maǵlıwmat beriw xızmetleri hám onlayn másláhátler pandemiya hám háreketleniw sheklengen sharayatlarda, ásirese, áhmiyetli bolǵan málimlemelerdi aralıqtan izlewde járdem alıw imkaniyatın beredi. Bilimlendiriw vebinarları hám kursları paydalanıwshılarǵa jańa texnologiyalar hám resurslardı ózlestiriwge járdem beredi, bul olardıń málimleme sawatlılıǵın arttırıwǵa xızmet etedi. Zamanagóy kitapxanalar basqa da mákemeler menen birge islesiw imkaniyatların jedel izlemekte. Birgeliktegi sanlı qoymaxanalardı jaratıw boyınsha tarmaq baslamaları resurslardı almasıw hám málimlemeden paydalanıwdı keńeytiw imkaniyatın beredi. Bilimlendiriw mákemeleri menen birge islesiw oqıtıw baǵdarlamaları hám resursların jaratıwǵa járdem beredi, bul bolsa kitapxanalardıń bilimlendiriw orayı sıpatındaǵı rolin kúsheytedi. [3.79-80]

Kitapxanalardı sanlı sharayatqa beyimlestiriw de zamanagóy kommunikaciya usıllarınan paydalanıwdı óz ishine aladı. Sociallıq tarmaqlar hám sanlı marketing kitapxanalarǵa óz auditoriyasına jetip barıw hám átirapındaǵı jámiyethilikti rawajlandırıwǵa járdem beredi. Virtual kórgizbe hám tańlawlar sıyaqlı interaktiv ilajlar jaslar hám jeke oqıwshılardı tartıp, jedel paydalanıwshılar jámiyetshiligin qáliplestiriwge xızmet etedi. Málimleme jámiyeti sharayatında kitapxanalar paydalanıwshılardı sın pikirlew hám maǵlıwmatlardı nátiyjeli izlew kónlikpelerine úyretiwde áhmiyetli rol atqaradı. Informaciyalıq sawatlılıqtı oqıtıw boyınsha baǵdarlamalar barǵan sayın áhmiyetli bolıp barmaqta, sebebi olar paydalanıwshılarǵa bar bolǵan informaciyanıń úlken kóleminde mánzilli bolıwǵa járdem beredi. Aqırında, virtual hám qosımsha reallıq sıyaqlı jańa texnologiyalardıń engiziliwi oqıwshılar menen óz-ara baylanıs ushın jańa keńisliklerdi ashpaqta. Bul texnologiyalar paydalanıwshılar ushın ayrıqsha tájiriybe jaratıw imkaniyatın beredi hám kitapxanalardı jas ávlad ushın jáne de tartımlı etedi. Kitapxanalardı sanlı sharayatqa beyimlestiriw – bul texnologiyalardı engiziw, xız-met kórsetiw usılların ózgertiw hám usınıs etiletuǵın xızmetlerdiń kólemin keńeytiwdi talap etetuǵın kóp qırlı process. Usı háreketler nátiyjesinde kitapxana málimleme jámiyeti sharayatında óziniń tiykarǵı wazıypasın orınlap, barlıq qálewshilerge bilim hám maǵlıwmatlardan paydalanıw imkaniyatın jaratıp, áhmiyetli hám paydalı bolıp qalmaqta. Kitapxanalardıń tabıslı beyimlesiwi tek ǵana olardıń aman qalıwına xızmet etip qoymastan, al zamanagóy dúnyada mádeniyat hám bilimlendiriw orayları sıpatındaǵı rolin de bekkemleytuǵının túsiniw zárúr.

Keyingi on jıllıqlarda sanlastırıw turmıstıń hár qıylı tarawlarına, sonıń ishinde, túpkilikli

ózgerislerge ushıraǵan kitapxanalarǵa sezilerli tásir kórsetti. Kitapxanalardı zamanagóy madeniyat hám bilimlendiriw mákemelerine aylandırıwdıń bul procesi paydalanıwshılar ushın jańa imkaniyatlar ashıp, maǵlıwmatlardan paydalanıwdı jáne de nátiyjeli hám qolaylastıradı. Sanlastırıwdıń kitapxana xızmetlerine tásiriniń áhmiyetli táreplerin kórip shıǵamız. Sanlastırıwdıń eń úlken jetiskenliklerinen biri – kitapxana resurslarınan paydalanıwdıń keńeyiwi boldı. Endi paydalanıwshılar dúnyanıń qálegen jerinen, qálegen waqıtta internet arqalı materiallardan paydalanıwı múmkin. Elektron kitaplar, maqalalar hám basqa da resurslar barlıq adamlar ushın, sonıń ishinde, kitapxanaǵa fizikalıq jaqtan barıwı múmkin bolmaǵan uzaqtan paydalanıwshılar ushın da maǵlıwmatlardı paydalanıwǵa jaratadı. Bul, ásirese, bilim barlıq qálewshiler ushın qolaylı bolıwı kerek bolǵan globallasıw sharayatında áhmiyetli. Sanlastırıw málimlemeni izlewdi de sezilerli dárejede jaqsıladı. Onlayn kataloglar hám maǵlıwmatlar bazaları paydalanıwshılarǵa polkalardı fizikalıq izertlewge waqıt jumsamay, kerekli kitap hám materiallardı tez tabıw imkaniyatın beredi. Bunnan tısqarı, kitapxanalar paydalanıwshılar máplerine tiykarlanǵan usınıs algoritmlerin engizedi. Bul hárbir oqıwshı óziniń qálewleri hám burınǵı saylawlarına tiykarlanıp, ózi ushın jańalıqlar ashıwı múmkin ekenligin bildiredi, bul olardıń kitapxana menen óz-ara tásiri boyınsha tájiriybesin bayıtadı. Sanlastırıwdıń áhmiyetli tárepi interaktiv hám bilimlendiriw xızmetlerin rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Kitapxanalar endi sanlı kónlikpeler boyınsha onlayn kurslar, vebinarlar hám sheberlik sabaqların usınıs etedi, bul bolsa keńirek auditoriyaǵa jetkeriw imkaniyatın beredi. Bul baǵdarlamalar paydalanıwshılardı jańa texnologiyalarǵa úyretiwge xızmet etedi hám olardıń zamanagóy jámiyette zárúr bolǵan málimleme sawatlılıǵı dárejesin arttıradı.

Juwmaq. Juwmaqlap aytqanda, kitapxanalar sanlı dáwirde jańa sharayatlar hám paydalanıwshılardıń talaplarına beyimlesiwge qaratılǵan keń kólemli ózgerislerdi ámelge asırıwı kerek. Olar tek ǵana málimleme orayları emes, al bilimlendiriw, dóretiwshilik hám jámiyetlik belsendiliktiń jedel oraylarına aylanadı. Sanlı platformalar menen sheriklik, zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw, málimleme sawatlılıǵı hám turaqlı rawajlanıwǵa itibar – bulardıń barlıǵı kitapxanalardıń áhmiyetli mádeniy hám bilimlendiriw institutı sıpatındaǵı abırayın bekkemlewge xızmet etedi.

Ádebiyatlar

1. Соловьева, Е. В. Библиотеки в условиях цифровой трансформации. Вестник библиотекаря, 2018. - 3 (45), 12–18.
2. Ушакова, Н. С. Социальные функции библиотек в современном обществе. Библиотековедение, 2022.- 7, 78.
3. Бондарев, И. А. Библиотечное дело в эпоху цифровизации: вызовы и перспективы. Москва: Издательство "Наука", 2019 г.79-80.
4. Лисичкин, М. В. Цифровые технологии в библиотечном обслуживании населения. Санкт-Петербург: Издательство "Культура", 2021 г.
5. Нестеров, П. Г., Кузнецова, А. В. Информационная грамотность в библиотеках: новые подходы и практики. Екатеринбург: Уральское издательство, 2020 г.

REZUME. Raqamli texnologiyalarning jadal joriy etilishi va axborot olish usullarining o‘zgarishi tufayli kutubxonalar o‘z funksiyalari va xizmatlarini o‘zgartirishga muhtoj bo‘lib qolishdi. Dasturiy tarzda kutubxonalar kitob saqlash , nashr va multimedia resurslaridan foydalanishni ta’minlashga bilim va ta’lim bilan bog‘liq. Lekin raqamli dunyo ularga yangi imkoniyatlarni taqdim etadi va zamonaviy foydalanuvchi talablariga moslashishni talab qiladi. Birinchidan, Internetning tez rivojlanishi, onlayn resurslardan foydalanish va raqamli medianing keng tarqalishi axborot tarqatish formatining o‘zgarishiga olib keldi. Boshqa tomondan , kutubxonalar madaniy va ma’rifiy muassasalar bo‘lib qolmoqdalar , ular virtual olamda mavjud bo‘lishi qiyin bo‘lgan alohida xizmatlarni taqdim eta olishadi. Ushbu maqolada biz kutubxonalardagi o‘zgarishlarning tarixiy kontekstini ko‘rib chiqamiz. Ommaviy kutubxonalarning raqamli moslashuv jarayonlarini muhokama qilamiz.

РЕЗЮМЕ. В условиях стремительного развития цифровых технологий и изменения способов получения информации библиотеки столкнулись с необходимостью трансформации своих функций и услуг. Традиционно библиотеки ассоциировались с хранилищами книг, центрами знаний и информации, предоставляющими доступ к печатным и мультимедийным ресурсам. Однако цифровая эпоха ставит перед ними новые вызовы и возможности, требуя адаптации к потребностям современного пользователя. С одной стороны, стремительное развитие интернета, доступ к онлайн-ресурсам и популяризация цифровых медиа привели к изменению формата потребления информации.

С другой стороны, библиотеки остаются важными культурными и образовательными институциями, способными предложить уникальные услуги, которые трудно воспроизвести в виртуальном пространстве. В связи с этим, важным становится вопрос о том, какую роль библиотеки должны занять в новых условиях: как они могут трансформироваться и адаптироваться к меняющемуся миру, оставаясь при этом источником знаний и местом социального взаимодействия. В данной статье мы рассмотрим исторический контекст изменений в библиотечном деле, проанализируем процессы адаптации библиотек к цифровым условиям.

SUMMARY. In the context of the rapid development of digital technologies and changing ways of obtaining information, libraries are faced with the need to transform their functions and services. Traditionally, libraries have been associated with book repositories, knowledge and information centers providing access to printed and multimedia resources. However, the digital age poses new challenges and opportunities for them, requiring adaptation to the needs of the modern user. On the one hand, the rapid development of the Internet, access to online resources and the popularization of digital media have led to a change in the format of information consumption. On the other hand, libraries remain important cultural and educational institutions capable of offering unique services that are difficult to reproduce in a virtual space. In this regard, the question of what role libraries should take in the new conditions becomes important.: how can they transform and adapt to a changing world while remaining a source of knowledge and a place of social interaction. In this article, we will look at the historical context of changes in librarianship, analyze the processes of adaptation of libraries to digital conditions.

MÁDENIYAT TARAWÍNDAǴÍ LINGVOKULTUROLOGIYALÍQ SÓZLER TARIYXÍNAN

Z.Bekbergenov – *oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanch so‘zlar: arxeolog, gnoseologik, piktografik, moyqalam, bitik, grafika, jamiyat, sahifa.
Ключевые слово: археолог, гносеологический, пиктографический, кисть, надпись, графика, общество, кость, страница.
Key words: archaeolodist, epistemological, pictographic, brush, inscription, graphics, society, bone, page.

Tildiń kóplegen aspektlerin túsiniw hám onıń antropologiyalıq tábiyatın úyreniw menen baylanıslı. XIX ásirdiń birinshi yarımında V.Gu mboldt tárepinen zamanagóy antropologiya túsinigine tiykar salındı. Ol birneshe márte, til sonday insannıń bir múshesi onıń járdeminde óz pikirin táriyipley aladı. (Die Sprache ist das bildene Organ des Gedanken) dep tastıyıqlaǵan. Bunnan tısqarı, nemec ilimpazı birneshe márte til millettiń ruwxın táriyipleydi hám dúnya júzilik milliyligin kórsetedi hám de hár túrli tillerdiń barlıǵı, hárbir xalıqtıń obrazınıń óz aldına ekenligin ańlatadı. V.Gumboldt tillerdi ayrıqsha táriyplewge shaqıradı, onıń pikirinshe olardıń parqı dawıs hám belgilerinde. Bul barlıq til izertlewshileriniń maqseti hám wazıypalarına jatadı. (V.Gumboldt, 1985) V.Gumboldtıń ideyaları Amerikalı ilimpazlar tárepinen tabıslı qollanılǵan. Atalı “Rukovodstvo po Yazikam Amerikanskix indeytsev” kitabınıń jaratılıwında qatnasqan F.Baosdan baslab XX ásirdiń basında A.Q.Shdatil haqqındaǵı páninde antropologiyalıq jónelis óziniń formasın taptı. Amerika antropolingvistleri ózleriniń ilimiy jumıslarında tildi mádeniyat tarawı menen bir qatarda úyreniw kerekligin anıqlap shıqqan. Usı jónelistiń ámeliy maqseti jazıwsız xalıqlardıń tillerin táriyiplew hám klassifikaciya islewden ibarat. B.Uorf hám E.Sepir Amerika antropolingvistikasında F.Baos táliminiń dawamshıları bolǵan. E.Sepir birneshe mártebe, mádeniyattıń tilge hám tildiń mádeniyatqa tásiri birdey emesligi haqqındaǵı F.Baostıń pikirlerin biykarlaǵan, soǵan qaramay Sepir hám Gumboldt hám Uorf pikrlerine jaqın pikirler keltirgen. Atap aytqanda Sepir hám Uorftıń tájiriybeleri Amerika til iliminiń rawaj-lanıwına úlken tásirin kórsetti. D.Xaymsdan baslap AQShda hám mektepleri payda bolǵan. “Etnolingvistika” termini birinshi bolıp inglis ilimpazı B.Malinovskiy islerinde qollanılǵan. Amerika etnolingvistleriniń wazıypası bir tárepten til arqalı úyireletuǵın mádeniyattı. táriyiplew

bolsa, ekinshi tárepten, “saplingvistika” sheńberinen shıǵıw hám til xızmet etetuǵın jámiyet hám mádeniyatqa onıń múnásibetin úyreniw edi. Basqasha aytqanda, Sepir-Uorf gipotezasındaǵı til mádeniyatı haqqındaǵı aytılǵan bólimi rawajlanǵan. Biraq gipotezanıń “tildiń onda sóylesetuǵınlar minezine tásiri” haqqındaǵı bólimi hám itibarsız qalmadı. Bunda, Amerikalı ilimpazlar lingvistikanıń óz sheńberinen shıǵıwı, onıń jaqın bilimler tarawındaǵı integraciyalasıwı kerekligin anıqladı. XX ásirdiń ekinshi yarmınan baslap olardıń islerinde antropolingvistika, etnolingvistika, sociolingvistika, psixolingvistika hám de basqada terminler payda boldı. Usılay etip, D.Xayms óziniń til haqqındaǵı ilimiy islerin antropologiyalıq lingvistika deb atadı hám onı antropologiyalıq kontekstte til haqqındaǵı ilimiy isler dep te ataydı. Búgin Xayms mektebi “kommunikativ etnografiya” sıpatında tanılıp, onıń maqseti lingvistika, etnologiya, psixologiya hám sociologiya tarawındaǵı ilimiy izlenisler nátiyjelerin birlestiriwden ibarat. XX ásirdiń baslarınan etnolingvistika Evropaǵa belgili bola basladı. Bunda lingvist, antropolog hám etnograf B.M.Alinovskiy úlken úles qosqan. Amerika etnolingvistleri ózleriniń teoriyalıq ideyaların tiykarınan, amerika hindiwleri tili materiallarında islep shıqqanında, Evropa ilimpazlarınıń itibarı Aziya hám Afrika xalıqlarınıń tiline hám de mádeniyatına qaratılǵan. Biraz waqıttan keyin, Franciyada shıǵıs xalıqlarınıń tilin hám mádeniyatın úyreniw boyınsha etnolingvistikalıq jónelisler payda bolǵan. Bunda zamanagóy francuz alımları ózlerininiń ustazları pikirlerine, jáne pánde til haqqındaǵı jumıslarınıń (solsiolingvistikaǵa) jónelislerine tiykar salǵan F.de Sossyur, A.Meye, M.Triol, M.Lixardt, M.Koen hám basqalardıń ilimiy isleriniń nátiyjeleri boldı. Olardıń barlıǵı lingvistler hám etnograflar bir neshe, anıq tiller hám mádeniyatlarınıń óz-ara baylanısında úyreniw múmkinligin tastıyıqlaydı. K.l.Stross, M.Ui, J.Kalam Griol, M.P.Fe rri kibi francuz Etnolingvistleriniń ilimiy jumıslarında ayrıqsha qızıǵıwshılıq payda etedi. Til haqqındaǵı Rossiya pánide etnolingvistikalıq jónelisler keńnen bayan etilgen. Etnolingvistikalıq temalar Rossiyada F.Buslaev, A.Afanasev, F.Potebnya hám basqalardıń ilimiy islerinde atap ótilgenine qaramay, onıń ilimiy izleniw obyekti 1965-jıl V.A.Zvegintsev tárepinen anıqlap berildi. V.Zvegintsev etnolingvistikanı “óz itibarın tildiń mádeniyatı, xalıqtıń dástúrlerin, jámiyettiń strukturası hám xalıq penen baylanısın úyreniwge qaratıwshı jónelis dep táriyipleydi. Házirgi dáwirde etnolingvistika haqqındaǵı kózqaraslar anıq boldı. “Lingvistikalıq enciklopediyalıq luǵat”da usı jóneliske keń hám tar kózqarastan táriyip berilgen. Tiykarǵı itibar til hám mádeniyattıń óz ara tásiriniń mashqalalarına qaratılǵan. Etnolingvistika“ tilshilerdiń mádeniyatqa múnásabeti, tildiń funkciyalasıwı hám evolyuciyasında til, etnikalıq hám etnopsixolingvistikalıq faktorlardıń tásirin úyreniwshi jónelis, eger jáne de keńrek túsinik penen táriyiplense, etnolingvistika lingvistikalıq metodlar járdeminde mádeniyattıń “quramındaǵı rejesi”, máselen, psixologiya hám mifologiyada olardıń kórsetilgendey usıllarına boysınǵan halda úyreniwshi kompleks pán sıpatında qaraladı” hám bar bolǵan parqın úyrenedi. Lingvokulturologiya tarqawına baǵıshlanǵan islerimdi gúzetiw nátiyjeleri tiykarında aytıw múmkin, XX ásir aqırlarına kelib Rossiyada (Moskvada) tórt lingvomádeniyattanıwshılıq mektepleri jaratıldı, bular: I.Akademik Yu.S.Stepanov tiykar salǵan lingvomádeniyattanıwshılıq mektebi etodologiyalıq tárepinen francuz tilshisi E.Benvenist koncepciyasına jaqın turadı. Onıń maqseti – mádeniyat konstantlerin diaxronikalıq aspektinde táriyilew. Olardıń dárejesi haqqında dáwrlerge tiyisli tekstler járdeminde, yaǵnıy isker til basshısı emes, bálkim basqa, qalıs gúzetiwshi tárepinen tekseriledi. Lingvomádeniy jónelistiń tariyxında Yu.S.Stepanovtıń birneshe márte baspadan shıqqan “Konstanto: Slovar russkoy kulturo” (1997) kitabı úlken rol oynaydı. N.D.Arutyunova basshılıǵındaǵı lingvomádeniyattanıwshılıq mektebi bolıp, bul mekteptiń wákilleri qádimgi túrli dáwirlerde pitilgen tekstlerden alınǵan universal túsinik hám terminlerdi qadaǵan qıldı. Bul atamalar hám real tilshiler emes, bálki sırtqı gúzetiwshiler tárepinen tekseriledi, biykar qılınadı. Bul iskerlik Rossiya pánler akademiyası Til tanıwshılıq institutı qasındaǵı N.D.Arutyunova basqaratuǵın “Tildiń mantiqiy analizi” mashqalalar toparın basatuǵın baspaxana ashıldı. Bul baspalardan biri “Kulturnoe konsepto” (1991) dep ataladı. Kitap sóz basında N.D.Arutyunova jazadı: “Adam

mádeniyat kontekstinde jasaydi. Onıń ushın bul kontekst “ekinshi waqıyalıq” sanaladı. Sol insan tárepinen jaratılǵan hám onıń ushın biliw obyektigne aylanǵan tábiyat shetinen úyreniledi, mádeniyat bolsada ishinen ıqtıyarsız refleks sebepli kórsetiledi. V.N.Teliya tiykar salǵan lingvomádeniyattanıwshılıq mektebi Rossiya hám shet ellerde frazeologizmlerdi lingvomádeniyattı analiz etiw Moskva mektibiniń atı menen tanılǵan. Tildiń áhmiyetin janlı til iyeleriniń refleksiyası kózqarasınan, yaǵnıy mádeniy semantikanı til hám mádeniyat subyekti arqalı úyrenedi. V.N.Teliya til birliklerіniń milliy-mádeniy analiz usılı – ishki gúzetiwshiniń kózqarasınan, til “ishinen” tekseriwin usınıs etedi. Rossiya xalıqlar doslıǵı universitetinde V.V.Vorobev, V.M.Shaklein hám basqalar tárepinen jaratılǵan Iingvomádeniyattanıwshılıq mektebi. Bul mektep wákilleri E.M Vereshchagin hám V.Kostomarovlar koncepciyasın rawajlandıradı. Bul jónelis ekvivalenti boImaǵan til birlikleri jumsaq mádeniytqa ǵana tán, spetsifikalıq, kumulativ sóylesiwdiń aǵında bar sózlerdi úyrenedi.

Ádebiyatlar

1. Верещагин Е.М., Костомаров В. Г. Лингвострановедческая теория слова. — М.: 1980.
2. Воробьев В.В. Лингвокультурология (Теория и методы). — М.: 1997.
3. Звегинцев В.А. Хрестоматия по истории языкознания X1X-XX веков. М.: 1956
4. Хрестоматия по истории языкознания X1X-XX веков. Составитель В.А.Звегинцев. М.: 1956.

РЕЗЮМЕ. Bu maqolada yozuvning paydo bo‘lishi va taraqqiyoti **jamiyat** rivoji, shuningdek, muayyan masofadagi kishilarning o‘zaro **aloqa** qilish ehtiyoji, siyosiy, huquqiy, diniy va estetik xarakterdagi axborotlarni qayd etishi va O‘rta Osiyodagi xalqlar turli yozuvlardan foydalanib kelganligi haqida so‘z boradi.

РЕЗЮМЕ. В данной статье В этой статье рассматриваются возникновение и развитие письменности, развитие общества, а также потребность людей на расстоянии друг от друга общаться, фиксировать информацию политического, правового, религиозного и эстетического характера, а также то, как народы Центральной Азии использовали различные виды письменности.

SUMMARY. In this article, the emergence and development of writing, the development of society, as well as the need for people to communicate at a distance from each other, to record information of a political, legal, religious and aesthetic nature, as well as how the peoples of Central Asia used different types of writing.

HÚJJET HÁM HÚJJETLERDI SAQLAWDÍŃ ÁHMIYETI

M.B. Xudaybergenova – «*Kitapxana iskerligi» kafedrası baslıǵı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanısh sózler: hújjet, hújjettanıwshılıq, iskerlik, saqlaw, maǵlıwmat, kitap, fond.
Ключевые слова: документ, документация, деятельность, хранение, информация, книга, фонд.
Key words: document, documentation, activity, storage, information, book, fund.

Hújjet ne hám ol qanday jaǵdayda saqlansa uzaq waqıt dawamında saqlanadı sıyaqlı sorawlarǵa juwap izleymiz. Hújjet keń mániste maǵlıwmatlar belgilengen materiallıq buyımlar (qaǵaz, kinoplyonka, fotoplyonka, magnitofon lentası, perfokarta hám t.b.). Hújjetler tekst, súwret, dawıs hám basqa elementlerden ibarat bolıwı múmkin.

Mazmunına kóre, hújjet ilimiy-texnika hújjetleri (maqalalar, kitaplar, patentler, sızılmalar, kesteler hám t.b.), huqıqıy hújjetler (qararlar, pármanlar, shártnamalar hám t.b.), basqarıw hújjetleri (buyrıqlar, kórsetpeler, qararlar hám t.b.)ǵa bólinedi. Qáliplesiw dáregine bola, baslanǵısh hám ekilemshi (referatlar, annotaciyalar hám t.b.) esaplanadı. Hújjetler ózara parıqlanadı. Mısalı mekemeniń hújjetler kompleksi, ádette, kiris, shıǵıw hám ishki (xızmette paydalanıw ushın) hújjetlerine bólinedi. Yamasa, bank shólkeminiń hújjetleri ishindegi

klientler bankke usınıs etetuǵın húJJetler: tólem tapsırmaları, shek hám basqa kiris húJJetleri; bank qatnasıwında rásmiylestiriletuǵın hám klientlerge beriletuǵın húJJetler shıǵıw húJJetleri esaplanadı.

Kitapxanalarda bolsa bul kitap oqıwshıları ushın paydalanılatuǵın húJJetten tartıp, kitap-xanalardaǵı úlken áhmiyetke iye derekler kompleksindegi húJJetler esaplanadı. Tiykarınan, húJJet sózi grek tilinen alınǵan bolıp, «oqıtaman», «úyretemen» sıyaqlı mánislerdi ańlatadı [1:4].

HúJJettanıwshılıq páni bolsa, atınan málim bolǵanı sıyaqlı húJJetler haqqında teoriyalıq, ámeliy bilimlerdi beredi. HúJJettanıwshılıq páni kitapxana iskerligine tiyisli pánler menen tıǵız baylanısta úyreniledi. HúJJettanıwshılıq páni arxivtanıwshılıq, arxeografiya menen jaqın basqa pánler (baslanǵısh materiallar fondı) menen qosıp úyrenilse pútin bir sistema jaratılıwı múmkin. Sebebi, húJJetler jıyındısın qáliplestiriwde keń qamtılǵan máseleler júzege keledi. Sonı atap ótiw kerek, húJJetlerdi jıynaw, mámleket esabına alıw, saqlaw hám olardan paydalanıw tártibi tuwrısındaǵı normativ-huqıqıy húJJetlerdi tayarlaw birqansha quramalı process bolıp tabıladı.

Sociallıq informaciyanı húJJetlestiriw informaciya hádiysesiniń ayrıqsha ózgeshelikleri bolıp, onı insanlar arasında uzatıw mexanizmi tiykarında ámelge asırılatuǵın process desek te boladı. HúJJet tábiyiy tosıqlardı – mákan hám waqıttı jeńip ótiwdiń arnawlı quralı bolıp xızmet etedi, adamlardıń social tájiriybesin toplaw, uzatıw, saqlaw hám kóbeytiw imkániyatın beredi. [2:25]

Saqlaw – húJJetlerdi aqılǵa muwapıq jaylastırıw hám olardan paydalanıw ushın uzaq múddetli qáwipsizlikti támiyinleytuǵın ilajlar kompleksi. Saqlaw tómendegilerdi óz ishine aladı: húJJetlerdi jaylastırıw ushın jay hám úskenelerdi tayarlaw, olardı kiyim shkaflarına jaylastırıw, optimal fizikalıq, ximiyalıq hám biologiyalıq rejim jaratıw. Fizikalıq, ximiyalıq hám biologiyalıq rejim degende húJJetlerdi optimal saqlaw sharayatların jaratıw hám saqlaw jolı menen zıyanlanıwdan saqlaw túsiniledi, yaǵnıy optimal jaqtılandırıw, tikkeley quyash nurınan shegaralaw, zárúr temperatura hám ıǵallıqtı saqlaw, shańǵa qarsı ilajlar kompleksin ótkeriw, órt qáwipsizligin támiyinlew, biologiyalıq zıyankeslerden qorǵaw.

HúJJetler qayda saqlansa maqsetke muwapıq boladı? HúJJetlerdi saqlaw ushın arnawlı mákemeler hám shólkemler bar. Yaǵnıy mámleket ıqtıyarındaǵı hám mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler. Tiykarǵı tariyxıy hám ilimiy áhmiyetke iye húJJetlerdi saqlawshı mámleket shólkemi bul – mámleket arxivi esaplanıp, ol húJJetlerdi jıynaw, esabın aparıw, saqlaw hám olardan paydalanıwdı shólkemlestiriw, sonıń menen birge ilimiy-izertlew (ayırım taypadaǵı mámleket arxivları ushın) jumısların alıp baratuǵın shólkem esaplanadı. Mámleket arxivleri mámleket hákimiyatı hám basqarıw shólkemleri, mámleket kárxanaları, mákemeleri hám shólkemleriniń iskerligi procesinde payda bolǵan húJJetlerden, sonıń menen birge olar tárepinen qolǵa kiritilgen yamasa olarǵa basqa yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar tapsırǵan húJJetlerden ibarat boladı.

Ózbekstan Respublikası Milliy arxiv fondı Ózbekstan aymaǵında jaylasqan arxiv fondları hám arxivhúJJetlerin, olardıń qáliplesiw dáregi, ǵalaba xabar quralları túri, saqlaw jayı hám múlkshilik formasına qaramastan, óz ishine aladı. HúJJetlerdi Ózbekstan Milliy arxiv fondına kirgiziw Ózbekstan Mámleketlik arxiv xızmeti tárepinen belgilengen tártipte olardıń tekseriwi tiykarında ámelge asırıladı. HúJJetler arxivlerde, kitapxanalarda, muzeylerde, ilimiy-texnikalıq informaciya oraylarında, óz aldına kárxana hám shólkemlerde saqlanadı.

Arnawlı tariyxıy hám mádeniy áhmiyetke iye bolǵan húJJetlerdi turaqlı (uǵımsız) saqlaw hám arnawlı bir waqıt penen sheklengen waqtınshalıq saqlaw bolıp, onnan keyin húJJetler joq etiledi. HúJJetlerdi joq etiw zárúrligi sheklengen jay, olardıń quramınıń tozıwı hám materiallıq tasıwshınıń tozıwı menen belgilenedi, bul onıń joqarı sapalı isletiliwine múmkinshilik bermeydi. Arxiv hám kitapxana iskerliginde bul processti ápiwayılastırıw maqsetinde húJJettiń mánisin jáne onıń anıq túrleriniń jaramlılıq múddetin (3 jıldan 75 jılǵa shekem) belgileytuǵın kriteriyalar qáliplestiredi.

HúJJetlerdiń arnawlı saqlanıw múddetleri hám dizimi boladı. HúJJetlerdi saqlaw múddetleri kórsetilgen úlgili dizim bolıp, ol “Ózarxiv” agentligi tárepinen islep shıǵılatuǵın hám tastıyıqlanatuǵın, tarmaq dizimlerin islep shıǵıw ushın tiykar bolıp xızmet etiwshi, húJJetlerdiń saqlaw múddetleri kórsetilgen úlgili dizim esaplanadı. HúJJetlerdi saqlaw múddetleri kórsetilgen tarmaq dizimi húJJetlerdiń úlgili dizimi tiykarında tarmaq basqarıw shólkemleri tárepinen islep shıǵılatuǵın húJJetlerdiń saqlaw múddetleri kórsetilgen dizim bolıp tabıladı. [3:45] Hárbir tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan húJJetlerdiń saqlanıw zárúrligi dáwir hám sociallıq sistemanıń mútajliklerinen kelip shıqqan halda qáliplesken. Mısalı kitaptı alaylıq. Kitap baylıǵın saqlaw jáhánniń barlıq xalıqları ushın úlken sociallıq-mádeniy áhmiyetke iye. 1954-jılda YUNESKO baslaması menen Gaaga qalasında shıǵarılǵan húkimetler aralıq konferenciya mádeniy baylıqtı

asıraw boyınsha konvenciya qabılladı. Áne sol konvenciyaǵa muwapıq basqa mádeniy baylıqlar qatarı kitapxana fondları da olardı joǵaltıp jiberiw yamasa qandayda bir formada nızamsız ózlestiriw qáwipi tuwılǵan jaǵdaylarda xalıqaralıq qorǵawǵa alınadı. Fondlardıń tolıqlıǵına olardı asıraw, tuwrı saqlaw hám de zaqım alıw faktorların jónge salıw arqalı erisiledi.

Fondtı asıraw degende, kitapxana fondları profilaktikası hám de onıń tolıqlıǵınıń qáwipsizligine tiyisli ilajlar kompleksi túsiniledi. Usı tarawda tómendegishe túsinik bar.

Tuwrı saqlaw – bul fondtı qolaylı fizikalıq-ximiyalıq sharayatlar hám biologiyalıq rejimde arnawlı úskenelestirilgen imaratta asıraw bolıp esaplanadı. 1962-jılı barlıq kitapxanalar ushın májbúriy bolǵan “Kitap fondlarınıń saqlanıwı haqqında jollama» qabıllandı.

Yaǵnıy, saqlaw óz gezeginde tuwrı jolǵa qoyılıwı shárt. Endi biz hújjetlerdi saqlawda kóbirek zamanagóy informacion-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanıw kerekligi haqqında ideyanı alǵa súremiz. Sebebi, hújjetlerdi jıynaw, saqlaw, remontlaw, zálel jetkizbewden saqlaw házirgi kúnde aktual máselelerden biri. Ásirese, túp hújjetlerden nusqa kóshiriw, olardan paydalanıw hám qorǵawdıń nátiyjeli sisteması ámeliyatqa engiziw procesinde qánigelerdiń jetispew-shiligine gúwa bolamız. Mısalı, hújjetlerdi saqlawshı arxiv mákemelerinde úskeneler hám basqa zárúr materiallarǵa bolǵan mútajlikler menen birge qánigeler de kem. Juwmaqlap sonı atap ótiw kerek, hújjetlerdi saqlawda birinshi náwbette zárúr múmkinshilikler menen birge kadrlar máselesin da kórip shıǵıwımız kerek. Bul tarawdıń kitapxana iskerliginde úyreniledi. Kitapxana iskerliginde oqıp atırǵan studentlerdiń arnawlı grantlar yamasa sheriklikler arqalı mamanlıǵın asırıw, ásirese rawajlanǵan mámleketlerde tarawdıń tájiriybesin úyrenip, ámeliyatqa nátiyjeni ámelde qollaw kúnniń eń aktual hám áhmiyetke iye máselerinen biri bolıp tabıladı.

Ádebiyatlar

1. Rahimov M., Shamsiev Sh. Hujjatshunoslik. A.Qodiriy nomidagi ToshDMI bosmaxonasi. – T.:2008. – 156 b.
2. А. И. Земсков, Я. Л. Шрайберг. Электронные библиотеки. – Москва : Либерия, 2003. – 351 с.
3. Saburov N. Arxiv ishi: me’yoriy-huquqiy hujjatlar va ma’lumotlar to‘plami. – T.: O‘zR MDA, 2017. – 160 b.
Э. Йўлдошев., М. Раҳимова., «Ҳужжат фондлари». Тошкент – 2.14. 150

REZYUME. Bul maqalada hújjet túsinigi haqqında kásibiy iskerlik tárepinen hár tárepleme túsinikler berilgen. Hújjetlerdi saqlawdıń áhmiyeti haqqında pikir júritilgen.

РЕЗЮМЕ. Эта статья дает всестороннее понимание концепции документа с точки зрения профессиональной деятельности. Обсуждалась важность хранения документов.

SUMMARY. This article provides a comprehensive understanding of the concept of document in terms of professional activities. The importance of document storage was discussed.

MADANIYAT MARKAZLARINI BOSHQARISHDA ZAMONAVIY USLUBLARDAN FOYDALANISH

Orazbaeva Dilnaz Dawletbay qızı - *magistr*
O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali

Tayanch so‘zlar: madaniyat markazlari, madaniyat sohasini boshqaruv, rahbar, motivaciya, reja, zamonaviy uslub, milliy madaniyat, faoliyat, xodim.

Ключевые слова: культурние центр, управление сферой культуры, лидер, мотиватор, план, современный слилъ, активность, сотрудник.

Key words: cultural centrs, cultural management, leader, motivation, plan, modern style, activity, employee.

Songi yillarda mamlakatimizda amalga oshirilayotgan islohatlar, milliy madaniyatnı yanada rivojlantirish, Yangi O‘zbekistonning yangi tarixini yaratish moddiy va nomoddiy madaniy meroslarimizni asrab-abaylash va yoshlar qalbida milliy madaniyatimizga bo‘lgan hurmatini yanada oshirish, xalıq orasida targ‘ib qilish borasida ko‘plab ishlar olib borilmoqta. Xususan madaniyat sohasiga katta itibor berilib, bu sohaning rivojlanishiga yo‘l oshib beryapti va shuning bilan birga sohaning boshqarish tizimiga katta masulyat ham yuklanmoqta desam xato

emas. Bu borada O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining “Madaniyat va san’at sohasining jamiyat hayotidagi o‘rni va tásirini yanada oshirish chora-tadbirlari to‘g‘risida” 2020-yil 26-maydagi PF 6000-son farmonida madaniyat mazrkazlari faoliyatini, jumladan, madaniyat markazlari uchun yangi bino qurish, rekanstrukciya qilish, mukammal tamirlash va jihozlash ishlarini tashkil etish belgilandi. [1.LexUz.PF6000-son.]

Respublikamizda 1537 ta madaniyat muassasasi, 826 ta madaniyat markazi, shulardan 60 ta madaniyat markazi Qaraqolpog‘iston Respublikasida, 274 ta madaniyat va istirohat bog‘lari, 312 ta bolalar musiqa va sanat maktablari, 39 ta teatr, 105 ta muzey mavjud. Madaniyat markazlarida 549 ta “Xalq” va “Namunali” unvonlariga ega badiiy havoskorlik jamoalari faoliyat olib bormoqda. Aholi ayniqsa, olis hududlarda istiqomat qiladigan fuxorolarga madaniy xizmat ko‘rsatish darajasini yaxshilash, Respublikamizda turizmni rivojlantirish maqsadida Prezidentimizning PQ 406-sonli “Aholiga madaniy xizmat ko‘rsatish darajasini yanada oshirish chora-tadbirlari tog‘risida” gi qarori hozirgi kunda madaniyat markzalaridagi ish faoliyatini yanada rivojlantirish, xalqimizga madaniy dam olishni tashkil qilish samarali ish olib borishda yál xaritasi bólib xizmat qilmoqda. Unda

– Madaniyat vazirligi tamonidan “Madaniyat karvoni” shaklida hududlarda koncert-tomosha tadbirlarini ótkazish,

1. Badiiy havaskorlik jamoalarining moddiy-texnik mazasini mustahkamlash,
2. 2024-yil 1-apreldan boshlab “Madaniyat to‘lqinlari” media loyhasini amalha oshirish,
3. Turizm obyekti hisoblangan “Orol kemalari”nda madaniy tadbirlar o‘tkazish,
4. Nukus shahrida “Ko‘cha san’ati va musiqasi” dasturini amalga oshirish.
5. “Yangi O‘zbekiston yulduzlari” “Yoshlik bahori” “M.Turg‘unboeva nomidagi milliy raqs ijrochilari” va boshqa tanlovlar o‘tkazilishi rejalashtirildi. [2.LexUz.PQ.406-son]

